Хъизаналъго цIализе журнал

# МагIарулай

№ 6 / 2024

ISSN 0132-9634



## Аминат Шамсудинова

*Иппотерапиялъул пайда киназего буго!*

Сахлъи

Хъизаналъул сон

Ясазул годекIан

Маданият

Богорукъ

«Женщина Дагестана»
***на аварском языке***
№ 6/2024
***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
***Ответственный секретарь***
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru
***Редактор русского выпуска***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
***Редактор даргинского выпуска***
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru
***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
***Корреспонденты:***
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов
***Заведующая редакцией***
С. М. Гамзатова
***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 22.12.2024 г.
Формат бумаги 70 х 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 1108. Тираж (4061) 577 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)
***Фотограф*** – Б. Д. Курбанов

# *Журналалда руго:*

2. Сахлъи
***Иппотерапиялъул пайда киназего буго!***

6. Заманцояй
***Анищазухъе нухда***

10. ГІелмуги гІумруги
***«Нужер институталда бомба гьабулебищ?»***

14. Махщалилай
***«Дие рокьула цойгидазда рельъинчІеб пикруялъул лъимал...»***

18. Хъизаналъул сон
***ГІумруялъул магІна – лъималазулъ***

22. Жиндирго пиша
***Гьадинал гІадамаз ккун буго дунял!***

26. ГІумруялдаса лъугьа-бахъин
***Рокьудалъун хІалбихьи!***

30. Маданият
***Хабар бицинин театралъухъего***

34. ХІакъикъияб лъугьа-бахъин
***Зумрат...***

37. Богорукъ
***БукІунеб кепила мичІчІихинкІазул...***

38. Ясазул годекІан
***ЩІияб соналъ – цІияб гІадат!***

42. ШигІрияб бокІон
***Гьандихъа Сайгит***

44. Махщалилай
***«Кидаго лъалаан юристлъун яхъунейлъи!»***

48. Гьунарал
***Дун... Марьям Хъазиева...***

52. Хъизаналъул сон
***ГІумруги, рокьиги, кьурдиги...***

56. ***Цидул тІом ретІарай***

***POST scriptum***

57. Философия жизни
***Путь мудреца***

62. Традиции
***Пальтары, человек «с больной ногой» и шуточное воровство***

На обложках:
I –Аминат Шамсудинова
IV – М.-А. Джемал. Зима в Анди, 1932 г.

Редакторасул калам

# ЛъагІел – цо лахІзат гІадин...



Гьале боржун ана цоги сон нилъер гІумрудул! Гьеб нилъее букІинчІо бигьаяблъун, гІемераб букІана хІалтІи, гьелдаго цадахъ гІемараб бачІин кьолеблъунги букІана. Унеб соналъ журналалъул дизайн хисизабуна ва «ТІолго Россия – 2024» абураб нилъер заманалъул журналистикаялъул 28 Форумалда тІобитІараб профессионалияб конкурсалда «Бищун лъикІаб дизайн» номинациялъул дипломанталлъунги рахъана. РакІалде ккола гьеб байбихьи бугилан.

РагІизабуна журналалъул хІакъалъулъ чанго кІудияб площадкаялда. Гьезда гьоркьоб Грозныялда тІобитІараб «Руччабазул жигар: иш цебе билълъинабизе заман щвана» абураб ТІолгороссиялъул форумалда, «СМИялда ва медиа пространствоялда руччаби» йилан абураб дисскуссиялъул площадкаялда рес щвана журнал цебе лъезе. Гьениб «Россиялъул руччабазул союзалъул» председатель Екатериана Лаховалъ «Северияб Кавказалда цого-цо бугеб руччабазул журнал», – илан абуна нилъер журналалде.

Нижеца гІахьаллъи гьабуна Хунзахъ, Гъуниб, Дербенталда ва МахІачхъалаялда тІобитІараб «ХъахІал къункърабазул къоял» абураб XXXVIII фестивалалда. АхІун рукІана Геленджикалда тІобитІулеб XX ТІолгохалкъазда гьоркьосеб гІелмияб форумалде, гІахьалъи гьабуна «Россиялъул ва дунялалъул халкъазул культураялда руччабазул ирс» XVII ТІолгохалкъазда гьоркьосеб конференциялда, Москваялда бугеб миллатазул рокъоб кІодо гьабуна журналалъул тІоцересел редактораздаса цояй Умурагьил Шапиевалъул Іоо сон тІубай. Северияб Кавказалъул халкъазда гьоркьосеб XI тІахьазул фестиваль «Тарки Тау – 2024» ва IV «Кубачиялъул си» басмаялъул графикаялъул биенале тІобитІулаго, информациялъул партнерлъунги букІана нилъер журнал. Гьел гурел цогидалги гІемерал тадбиразда гІахьаллъана журналалъул хІалтІухъаби.

ГІумру буго, цо бакІалда чІун рукІинчІого, цере ин. ХІурматияй журнал цІалулей, нилъги цадахъ цере унел руго. ЦІияб соналда цебе къватІибе бачІунелъул «МагІарулай» журналалъул 6 номер, 2025 соналъ киназего гьаризе бокьун буго роцІцІараб зоб, щулияб сахлъи, рухІияб ва материалияб бечелъи. Бечелъи Бечедасдасанлъидал.

Риччанте киналго рукІине талихІаллъун!

Хамис Шамилова,
*бетІерай редактор*


Аминат
Шамсудинова

# Иппотерапиялъул пайда киназего буго!

***Иппотерапия – гьеб буго сахлъиялъе гІоло чода рекІин. Щиб жо гьеб иппотерапияяли, кин гьелъ инсанасул сахлъиялде асар гьабулебали, сундасан байбихьизе кколебали бицана «Мирадж» абураб жидер сахлъиялъул хаслъи бугел ва инвалидал лъималазул централъул нухмалъулей, педагог, иппотерапевт Аминат АхІмадовна Шамсудиноваль.***

Гьелда гьеб доба-анисан рагІун лъараб гуро, 15 соналъ гьеб ишалда жаний йиго Аминат. Кинабго байбихьана яс ПатІимат гьаюн хадуб. Гьелъ кІиго сон балеб гІадаб заманаялъ Аминатида халлъула ясалъ, гьелдехун гьабураб каламалде данде, кинаб букІаниги жавабго гьабулеб гьечІолъи ва кІалъазе гІамал гьабулеб гьечІолъи. Бащдаб соналъ врачазухъе хьвадун хадуб гьелъие лъола диагноз – аутизм.

– Доб заманаялъ Дагъистаналда букІинчІо цониги гьединал лъималазе кумек гьабулеб бакІ. Врачаз хъварал дарабазги щибго кумек гьабулеб букІинчІо. Ясалъ анлъго сон балеб букІана, амма гьелъ цониги рагІи абулеб букІинчІо, нагагь цониги рагІи такрар гьабун борчІун ин гурони.

Кумек балагьулаго дун тІаде ккана Москваялда бугеб «Нилъер бакъул дуниял» абураб реабилитация гьабулеб централде. Гьелъул программаялда букІана иппотерапияги. Ясалда чу бихьилалде ва гьелда тІад рекІиналде дица гьелъие гІемер бицана чуязул хІакъалъулъ. ПатІиматида рагІулеб, бичІчІулеб бугиланго кколеб букІинчІо, амма чода рекІарал лъимал рихьидал, гьезухъги ялагьун: рекІине! – йилан абуна гьелъ. Гьеб букІана гьелъул тІоцебесеб сунданиги хурхун гьабураб калам!

Иппотерапиялъ кІудияб кумек гьабуна дир ясалъе. ПатІиматида рекІехъе лъалаан жиндирго расписание, кинал къояз чуязда рекІине ругелали, гьелда лъалаан, электричкаялдаса къватІире лъугьингун, кинаб рахъалде ине кколелали. Цебе гьелъ, дида яча-ячаралъуе унеЙ йикІин гурони, пикруго гьабулароан унеб бакІалъул.

Нижеца 4 курс иппотерапиялъул лъугІизабуна. Москаялда йикІаго дица хІаракат бахъулеб букІана гьеб методалъул хІакъалъулъ кІванагІан гІемер лъазабизе. Дагъистаналде щвейгун, гьединаб центр рагьун гьечІодаян, балагьизе лъугьана дун, батичІо.

Дида ратана, сахал лъималазе рагьараб чуязулгун спорталъул клуб «Джигиталда» гъоркь, унтарал лъималазе иппотерапиялъул центр рагьизе хІадурал чагІи. Дицаго хасал курсалги лъугІизарун, чуязда рекІине ккани къваригІунеб къайи-къоноги босун, нижго унел рукІараб Москваялъул централдаса ахІана инструкторал.

***– Нужер Центр комерческиябищ?***

– У. 2018 соналъул декабралдаса байбихьун ниж Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствоялъул бербалагьиялда гъоркь руго. Амма дица цин дунго бетІергьанаб Центр рагьун букІана. Байбихьуда цІакъ захІмат букІана, кинабго

чуязда хурханщинаб бакӀ къана: школал, ипподром. Нижеца гӀемераб идараялъул нуцӀа бухана ва рагьана тӀадеги лъайкьеялъул школа «Джигит», гьениб нижер иппотерапиялъул центрги. ТӀоцересел эбел-инсуца, лъималги тӀад рекӀинарун, жидецаго рачунаан чуял. Инструкторалги рукӀинчӀо, цо-кӀиго чуги букӀана!

Жакъа нижер буго унго-унгояб коллектив. Улбузулги буго жидерго цолъи. Нусгоялдасаги хъизаналдаса лъимал руго жакъа къоялде иппотерапиялъул мухь кьезе кколарел курсазде хьвадулел. Нилъее кигӀан бокьичӀониги, гьединал унтарал лъимал, къоялдаса къоялде цӀикӀкӀун гурони, дагьлъулел гьечӀо. Нижехъаги киналго къабул гьарун бажарулеб гьечӀо. Чуялги свакалел руго, гӀадамазул бицинчӀони. Амма хӀасилал руго!

***– Цоги кинал рахъал ругел нужер сахлъиялъул хаслъи бугел лъималазе реабилитация гьабулеб?***

– Нижеца лъола, гьелги гъорлъе рачун, театралиял сценкаби, тӀоритӀула байрамал. 2021 соналъ лъун букӀана режиссер Марат Шахтамановасул «ТалихӀалъул кавабахъан» абураб тӀоцебесеб чуязул спектакль. Нижер Централъул лъимал гурелги, ГӀурус театралъул ва Операгун балеталъул театралъул актералги гӀахьаллъана гьенир. Цоги нижеца ЦӀияб соналде лъун букӀана «Хасалил гӀажаибаб маргьу». Маскарадалги тӀоритӀула. Нижеца цебе билълъинабулеб буго чанго кӀвар бугеб проект. «Бакъудаги рекӀун» – мухь босуларел, цебетӀеялъул рахъалъ нахъе ккарал лъималазеги чӀахӀиязеги иппотерапиялъул курсал. Гьединго нижеца санайил тӀобитӀула сахлъиялъул хаслъи бугел лъималазул ва гьезул гӀагаразул творчествоялъул ТӀолгороссиялъулго фестиваль «БукӀинеселъул горизонтал».

2021 соналъул 14 февралалдаса нахъе Расул ХӀамзатовасул цӀаралда бугеб Миллияб библиотекаялда хӀалтӀилеб буго



«Анищалъул роржен» клуб. Щибаб моцIалъ гьенир тIоритIула хаслъи бугел лъималазе ва гьезул эбел-инсуе творческиял мастер-классал. «Дун талихIай эбел йиго» проект хIалтIилеб буго унтарал лъималазул улбузе психологияб кверчIвай гьабизе. Буго инвалидал лъималазе ва чIахIиязе «БукIинеселде гали» арт-студия. Студиялда малъула батIи-батIияб техника хIалтIизабун суратал рахъизе, гьединго мультипликация гьабизеги. Гьел хаслъи бугел лъималазе художниказ мастер-классал рихьизарула, гьез музеязда суратал рахъула, Музучилищеялъул студенталгун лъимал сценаялде цере рахъуна, ДагГосфилармониягун санайилаб республикаялъул творческияб фестивалалда гIахьаллъула. Буго гьезие кинабго къваригIанщинаб жаниб бугеб квартираги. Гьениб гIолилал ругьун гьарула жалго жидедаго чIун гIумру гьабизе. Гьелгощинал проектал руго нижеца гIумруялде рахъинарулел! Амма гьезда гьоркьоб аслияб буго иппотерапия!

***– Иппотерапия – гьеб буго медицинаялъе альтернативияб метод. Цебе щай чуяздалъун гIадамал сах гьарулел рукIинчIел? Чуялги рукIанин нилъер, хасго магIарухъ.***

– Иппотерапияни НекIсияб Грециялъул ва Рималъул заманалдаса нахъего лъалеб букIана. Абизе бегьуларо гьеб гIолохъанаб метод бугилан. Амма доб заманаялъ рукIинчIо гьанже ругел гIадал унтаби. Инвалидални кидаго рукIана, амма гьел гIемераб мехалъ гIумру гьабун рукIунароан, I4 соналде нагагь гурев вахунароан. XX гIасруялъул кIиабилеб бутIаялда лъана гIадамазда инвалидазда хадуб хъулухъ гьабизе ва гьеб мехалъ ракIалде щвана чода рекIиналъул гIадамазул чорхое букIунеб лъикIаб асарги. ХIалбихьана ва гIажаиблъизаруна хIасилалъ.

***– Кинал унтаби сахгьаризе хIалтIизабизе бегьулеб иппотерапия?***

– Сахгьабизейилан абиялдаса, лъикI лъугьинаризейилан абизе ккела. ГIадал нахул унтаби сахгьарун бажарулилан абизе цIакъ захIмалъула. Иппотерапия хIалтIизабула рилълъине, рагъаризе захIматаб ДЦП, Даунил синдром, аутизм, парезал ругони.

***– ГIелмиял цIех-рехаз тасдикъ гьабунищ иппотерапиялъул черхалъе асар?***

– Гьабуна. Араб гIасруялъул 70-80 соназ тIоритIана букIине кколеб даражаялда кIудиял цIех-рехалъул хIалтIаби, чанго унтуе чотIа рекIиналъул асаралъул. Гьелъул хIасилалда риччана гIелмиял хIалтIаби ва машгьурал тIахьал.

***– Иппотерапиялъул бицунаго, лъималазул бицунеб бугеблъун ккола кидаго. ЧIахIиял чагIазе пайда бугищ гьеб иппотерапиялъул?***

– Буго. Амма кIудияв чиясул чорхое асар цIакъ хIинцго гурони лъугьунаро. Гьенибги аслияб шартI буго гьев чиясе жиндиего бокьи ва божи.

***– Иппотерапиялдалъун кинаб хIасил ккезе хъул букIине бегьулеб? Киб гьелъ кумек гьабулеб ва сундалъун?***

– Иппотерапиялъ чиясул бохдул, мугъ къвакIизабула, чодуца хинлъизавула, унеб чодул гьанкIеялъ ритIарал импульсал кьола гIадал нахулъе ва сахал клеткабаз унтарал клеткабазул хIалтIи жидедаго тIаде босула. Амма гьеб халатаб заманаялъул хIалтIи буго, чанго лъагIелалъ халалъизе бегьулеб.

***– Щиб ригьалдаса байбихьизе бегьу***леб?

– Байбихьизе бегьула лъагIалидаса, лъимералъ лъагIелгун бащдаб байгун. Гьедин гьабуни, мисалалъе ДЦПялъ унтарал лъимал хехго хIатIазда рахъун чIола. Гьединго букIуна аутизмалъ унтаразулги. КигIан хехго байбихьаниги, гьедигIан хехго бажаризе буго лъимер гьеб унтухъа бахъун.

***– Терапиялъул киналго тайпабазул буго заралги. Иппотерапиялдалъун сахгьаризе бегьуларел ругищ?***

– Руго унтаби тIадецуй букIине бегьуларел. РекIел унтаби, инсульт, гьединго канлъи бихьунгутIи. Гьединаб унти бугони I0-I5 минуталдаса цIикIкIун чода рекIунаро, чугун расандилел, тира-сверулел, гьеб кваназабулел рукIуна.

Иппотерапиялъул пайда киназего буго!

***Виолетта Ратенкова***



Ильгама
Загьирова

# Анищалъухъе нухда

Ильгьама Загьировалъулгун дир лъайхъвай ккана 2016 соналъго, нижер редакциялъул вакилзаби, Афгъаналъул лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIи ва диниял хIаракатчагIиги ахIун, Каспийскалъул Энергетикияб колледжалда тIобитIараб «ГIолилал терроралде данде» форумалда. Зал цIун букIана. Суалал гIемер рукIана. Амма гьитIинайго гIолохъанчIужу модераторалъ, жидерго цIалул заведениялъул студентал гуреб, ссузазул цIалдохъабиги гIахьаллъун, цIакъ жавабчилъиялда ва саназде данде кколаредухъ дурусго гIуцIун букIана тадбир.

ТIадегIанаб даражаялда ана доб форум. Колледжалъул директор Арслан Юсупович Хаппалаевас лъикIаб къимат кьуна гIолилалъе:

– ГIолохъанаб ригьалъухъ балагьичIого, Ильгьама йиго сундаго ракI унтарай инсан, лъикIай гIуцIарухъан, инициатор. Дида гьей лъалаан пединституталъул студенткалъун йигеб мехалдаго. Доб мехалдаго бихьана дида гьелъулъ цеехъанлъиялъул гьунар. Гьединлъидал ахIана нижехъего, гIолилазулгун хIалтIи гIуцIизе. Жакъа къоялде училищабазде цIализе лъугьунел чагIи цIикIкIунисеб къадаралда ккола социалияб рахъалъ цIуничIел хъизаназдаса лъимал. Жакъасеб тадбиралъ бихьизабуна гьелда жиндаго тIад лъураб масъала тIубазабизе кIвараблъи-гьелъ ГIолилазул централда цолъизаруна студентал, 80% студентаз бачунеб буго жамгIияб хIалтIи!





РакӀалде ккезе бегьилаха, щиб жойин жамгӀияб хӀалтӀи кколебан. Унел ругоха лъимал кружоказде, спортивиял къокъабазде, тӀалъизарурал субботниказде, амма гьаниб батӀайиса буго –гьаб буго кӀудияб, гьудуллъиялъулаб, студентазул хъизан.

Лъай кьеялъул ва гӀелмуялъул министерствоялъ рахъ ккуна Ильгама Загьировалъ нухмалъи гьабулеб Дагъистаналъул рагьараб гӀолилилазул правительствоялъул гӀолилазул ишазул рахъалъ Комитеталъул инициативабазул ва тӀадкъана гьелда, гӀолилазул центразул метод гӀуцӀиялъул председательлъунги тӀамун, жидерго хӀалбихьи республикаялъул киналго колледжазде кьезе.

ЗахӀмат букӀанищ гьелъие?

– Бигьаго букӀинчӀо, амма кутакалда интерес букӀана. Ургъана гӀуцӀиги хӀалтӀул планги. КӀиго моцӀида жаниб щвана республикаялъул киналго ссузаздегун колледжазде, лъай-хъвай гьабуна энтузиастал - педагогалгун, тӀоритӀана мастер-классал. ГьабсагӀат пикру гьабулеб буго, методгӀуцӀиялъул нухмалъулей йикӀаниги, кин дун гӀисинлъимералъухъ гӀенеккизе дозие, цӀикӀкӀараб ригьалъул, лъикӀаб хъулухъ-ишалъул чагӀазе намусаб букӀарабали. Амма гьез дун къабул гьаюна ва нижер цадахъаб хӀалтӀул кьучӀлъун лъугьана божилъи, гьудуллъи ва насихӀатчилъи. Мисалалъе, художественияб самодеятельносталъул конкурсазда 64 колледжалъул гӀицӀго ункъго-щугояз гьабулеб букӀараб батани цебе гӀахьаллъи, доб соналъ къадар бахана 24 ялде! Нижер хӀалтӀул хӀасилалда профучеталда лъурал студентазул къадарги дагьлъана кӀиго нухалъ.

Хадубги дида чанцӀулго дандчӀвана Ильгьама ва, щибаб нухалъ дун гӀажаиблъулаан гьей гьитӀинайго, берал чӀахӀияй ясалъул гьединал кӀудиял тадбирал гӀуцӀизе бугеб таваккалалда, гьезда гъорлъе гӀадамал цӀазе бугеб гьунаралда. Жеги лъикӀ гьелъулгун гьудуллъи ккедал бичӀчӀана дида, цебе лъураб нухалдаса таричӀого йикӀиналъе гьелъулъ бугеб рухӀияб кьучӀалъул.

– Дун гӀуна лъаялъулги жанисеб бечелъиялъулги рухӀалда тарбия кьураб хъизаналда. КӀодоэбелги эбелги – педагогал. История ва математика – инсан лъугьиналъулъ аслиял гӀелмаби. Дие букӀана 6 сон, цин эмен, хадув имгӀал хварал ва кӀодоэбел инсультгун егараб мехалъ. Циндаго кӀудияй гӀезе ккана: эбел школалдаса ячӀинегӀан кӀодоэбелалъул агъаз гьабун, гьелъие дараби-квен кьун йикӀунаан, цинги дарсазде ун тӀадюссун хадуйги – кӀодоэбелалда аскӀой.

Дун йикӀана дунго диего гӀурай, ракӀ ккурай лъимер, ичӀабилеб классалда макьидаса йорчӀарай гӀадин, дилъ гӀумру гьабизе, гьудуллъи кквезе, школалъул гӀумруялда гӀахьаллъи гьабизе гъира бижана. Школа дир лъугӀана меседил медалалда. Правоялъул факультеталде лъугьун, вузги лъугӀана багӀараб дипломалда.

Амма цохӀого цӀали гьаби гьелъие дагьаб букӀана, бокьун букӀана гӀадамазе кумек бугейлъун йикӀине. Ильгьама йикӀана цин курсалъул, хадуб факультеталъулго профоргльун, цинги ДГПУялъул профкомалъул председателасул заместительлъун.

– Нижеца кидаго тIоритIулаан: «Махщалилъ бищун лъикIав», «Студент – лидер», «ЧотIахъан», «МагIарулай» къецал, гIумруялде рахъинарулаан батIи-батIиял проектал, халкъалъе социалияб кумек гьабиялъул Фондгун цадахъ, тIоритIулаан гурхIел-рахIмуялъулал хIалтIаби. Мисалалъе, ресторатораздa гьарулаан 50 ресукъаб хъизаналдаса ялъуни «хасал» лъимал къабул гьареян, ахIулаан доре артистал, нижецаго хIадурулаан театралъулал церерахъинал, тукабазул бетIергьабазда гьарулаан гьезие ратIлидалъун букIа, канцтовараздалъун букIа, расанкIабаздалъун букIа сайгъатал хIадуреян...

Щиб ракIалда чIараб? Цо гьединаб дандчIваялдаса хадуб дида аскIое ячIана гьединай, цебетIеялъулъ хаслъи бугей, ункъо сон барай яс ва, къахIан дир кверги ккун, «Баркала!» – ян абуна.

РекIелъ хасаб бакI ккуна дир сценариялдасан, факультетазул профоргалги гIахьаллъун, гIолилазе рагъулабгун патриотикияб тарбия кьеялъул ишалъулъ «Къисматалъул нухбикьуда» художественияб фильм бахъиялъ. Нижер творческиял инициативабазе кумек щун, гIуцIун букIана гIолилазул кинематографиялъул «Студентазул ТВ» студияцин. Узухъда, дида бичIчула доб щвалде щвараб фильм букIинчIеблъи, амма рагъулав хъулухъчиясул кIвар бичIчIизаби жакъаги хIажатаб масъала буго. Доб мехалъ киноялъухъ халгьабуна кIиазаргоялдасаги чияс...

Дица Ильгьамада гьикъичIо, кин гьелъул лъикI цIализеги, батIи-батIиял гIадамазул кумек балагьун, фильмал рахъизеги заман гIолеб букIарабилан. Бихьулеб букIана гьелъул гъира-цIа сундуего гIураб букIин.

– Хадубккун «Студ. ТВ» лъугьана ДРялъул тIоцебесеб гIолилазул хIукуматалъул даражаялда дица цIунараб проектлъун. Стажировкаялъ йикIана республикаялъул БетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялда, гьебги лъикIаб хIалбихьилъун лъугьана.

Гьелдаса хадуб дун ахIана Каспийскалъул Энергетикияб колледжалде. Узухъда, ишалъулаб болъодухъан тIаде яхине дир лъикIал ресал рукIана. ГIадамаз бицунарищ доб «лъикIаб» бакIалъул, гIадамазе пайдаялъул ва гь.ц. Амма бакI бищун цебе, хъулухъ-пиша гуреб, гIадамал гурищ кколеб?! Дун ракIалъ цIана колледжалде, гьанир хIалтIилел рукIана кумек гьабизе ва гIакълу кьезе хIадурал дир пикруцоял. Нахъе ине таваккал тIамуна гIицIго 10 соналдасан. Батизе бегьула дун доб хIалтIудаса кIудияй гIей...

– Дуда цере лъун ратилаха лъикIал хIалтIизе бакIал?

– Дица рикIкIуна бищун интересаблъун букIанин Россиялъул МИДалде хIалтIизе ахIиян. Амма дун хIадурай йикIинчIо Дагъистанги тун, тахшагьаралде яхъине. «ГъудуллъиялъулкIалгIаялъе» нухмалъулев хIажат вукIиналъул конкурс лъазабидал, дица гьенире кьуна документал.

– ТIоцебесеб нижер кIудияб тадбирлъун лъугьана 2023 соналъул февралалда СВОялъул ва рагъулал ведомствабазул гIахьаллчагIазе концерт кьей. Миллатазда ва диназда гьоркьосел бухьенал, щула гьаби, этнокультурияб цебетIей букIинаби ва политика щула гьаби гуребги, «Гъудуллъиялъул кIалгIаялда» тIоритIула рагъулал хъулухъчагIигун республикаялъул БетIерасул дандчIваял. Щибаб дандчIваялъ бижизабула СВОялда ругезе ва гьезул хъизаназе квербакъизе ккеялъул, нилъеда цебе чIараб гIаммаб масъалаялъул бичIчIи, цолъи.

Абизе ккола, Ильгьама Загьировалда кIвана МИДалъулгун лъикIаб гьоркьоблъи цIунизе ва цадахъаб хIалтIи гIуцIизе.

**– Дир анищ буго Дагъистан дуниялго цолъизабулеб политикияб, маданияб, экономикияб майданлъун лъугьине. БичIчIула гьеб сиясаталда хурхараб суал букIинги, амма нижеца тIоцересел галаби тIамун руго. Дица дирго анищалъул бицарал гIадамазулги гьединабго гъира-цIа буго...ГIумруялъин абуни бихьизабулеб буго гьеб тIубазе рес бугеб анищ букIин!**

***Ажа ГIабдурахIманова***



Джума
Къурбанова

# «Нужер институталда бомба гьабулебищ?»

***Фрустрированиял мугъзал системаби, нестехиометрикиял магниталъул сплавал, гейзенберговалъул гъоркъорлъаби ва цойгидаб гІелмияб гІалагъважа ракІ-ракІалъ бокьизе бегьула. Амма гьелъие цин хІажалъула анализ гьабун бажарулеб, РАНалъул ДНЦялъул физикаялъул институталъул гІелмияй хІалтІухъан, ДахІадада районалъул Меусишаса Джума Къурбановалъул гІадаб аналитикияб гІакълу. 2018 соналъ гьелъ цІунана (гІемер захІматал ва ричІчІуларел рагІабаздасан гІуцІараб цІар жиндир бугеб) диссертация. Россиялъул ва къватІисел улкабазул гІелмиял журналазда рахъана 70 цІикІкІун гІелмияб макъала ва Джума араб соналда рикІкІана Дагъистаналда бищун лъикІай гІолохъанай гІалимчІужулъун. «МагІарулай» журналалъул корреспондентас, жиндирго гІадалнахул нейроналги хІалтІизарун, 15 суал къуна гІалимчІужуялъе....***

## *ГІолохъанай гІалимчІужуялъе 15 суал*

***– ГІелму дуе ккола...***

– Дуниял лъазе кумек гьабулеб алат. ГІелмуялъ тІурала гІумруялда дандчІвалел киналго гІунгутІаби, гьелъул кумекалдалъун лъим бацІцІалъула, дараби сабаблъула, коммуникациялъул алатал хехлъула.

***– Физикаялъул рахъалъ Нобелил премиялъул дуе бищун вокьулев лауреат?***

– Мария Склодовская-Кюри. Гьей ккола гьеб премия щварай тІоцеесей чІужугІадан. Гьебги, гІелмуялда тІад хІалтІи гІицІго бихьиназул ишлъун рикІкІунеб заманалда. Гьелги къол нухалъ нахъа тун, кІицІулго. Доб мехалда руччабазе гІелмуялда тІад хІалтІизеяли щай гурин, тІадегІанаб лъай босизецин рес букІинчІо. Гьелъ риххизаруна руччаби загІипаб бащалъилъун рикІкІунел стереотипал.

***– Дагъистаналда кидадай вахъинев Нобелил лауреат?***

– Хехго ватилин кколаро. Дагъистаналда аслияб социалияб лифт спорт буго, гьединаб лифтлъун гІелму лъугьараб мехалъ ургъизе бегьилаха, щив дагъистанияв тІоцевесев Нобелил премиялъул лауреатлъун вахъиневали. Гьелдаса цебе гуро.

***– Генераллъун вахъине анищ кколарев солдат, хашав солдат кколин абулаха. Кин ватІавахъизе лъалев хашав гІалимчи?***

– ГӀелму байбихьула кинабго лъазе бокьиялдасан. Хашав гӀалимчи ккола суалал кьоларев гӀалимчи.

***– Кинав гӀалимчигун (чӀаго ругезул ва хваразул) дуе дандчӀвазе бокьилеб букӀараб?***

– Михаил Ломоносовгун. Естествознаниялдаса философиялде, поэзиялдаса историялдегун политикаялде гӀунтӀун гӀелмаби ричӀчӀулел, лъалел рукӀарав гӀажаибав инсан. Дие цӀехезе бокьилаан кинаблъун гьесда Россиялъул гӀелмуялъул букӀинесеб бихьулеб букӀарабали.

***– Профессионалияб свакгун кин мун къеркьолей?***

– Бищун лъикӀаб хӀухьбахъилъун ккола гьабулеб хӀалтӀул хиса-баси. Дие гьеб мугӀрузде, тӀабигӀаталде ин ккола. Дора киналго захӀмалъаби гӀисинлъун рихьула.

***– ГӀалимзаби цодагьал тамашаял хасиятал ругеллъун рихьизарула поп-культураялда. Кинал тамашаял хасиятал дулъ ругел?***



– Цойгидал гӀадамазда гьоркьорго гӀадин, гӀалимзабазул сверулъги дандчӀвала тамашаял гӀаламатал ругел гӀадамал. Я дилъго, я ищцоязулъ дие тохлъаби загьирлъичӀоха.

***– Кин унеб гӀалимчиясул къо.***

– Гьениб кинабго бараб букӀуна гӀалимчиясда цебе чӀараб масъалаялда: гьесда ракӀалда батизе бегьула хӀисабал гьаризе, экспериментазул хӀасилал данде росизе, гӀелмияб захӀмат хъвазе, грантовияб кумекалъе кагътал гӀуцӀизе. Цойги, нижеца кидаго хал ккола нижерго ищцоязул гӀелмиял макъалабазда хадуб. Гьелъ кумек гьабула гӀелмияб дунялалда лъугьунеб лъазе, нижерго хӀалтӀулъ хӀалбихьи щвезе. ГӀакъуба-къобихьун, гӀетӀ тӀун рагӀалде щвараб захӀмат британиялъул гӀалимзабаз цо-кӀиго моцӀалъ цебе хъвараблъун батиялдасаги цӀунула сундулго лъалеллъун рукӀиналъ. Цойги гӀалимзаби гӀахьаллъула конференциязда, симпозиумазда, цӀалула лекциял. ГӀалимзабазул цоцазда гьоркьоб букӀуна гъункараб гьудуллъи, гьез цадахъ рекъон тӀоритӀула, жалго лъугьун гьабулелдаса лъикӀаб хӀасил кьолел, цӀех-рехалъулал хӀалтӀаби.

***– Киса ратулел Ракь чӀинтӀараб бугин, ялъуни МоцӀ искусственияб спутник бугин, гӀелмуялда данде кколарел пикраби чӀезабулел чагӀи?***

– Дида бихьула гьеб лъай гьечӀолъиялъулги фанатизмалъулги мисаллъун. Гьединазул ригьда хӀалтӀун гьечӀо логика ва якъинаб гӀакълу. Гьелъухъ «баркала» кьезе кколеб батилаха щвалде щвечӀеб лъайкьеялъе.

***– Лъаялъул аслияб тушман лъангутӀи гуреб, лъалеблъун цебетӀами бугилан абурав гӀалимчи Стивен Хоакинил пикруялда щиб дуца абилеб?***

– ЦебетӀами гьеб нухалда нилъго нилъецаго махсараде кквейлъун, нилъерго гьечӀеб лъай бугеблъун ккей бихьула. Иллюзиялъ квал-квал гьабула инсанасе хӀакъикъияб, битӀараб къимат кьезе, гъалатӀал рихьизе. Гьединлъидал, дица квер бачинаан Хоакинил гьеб пикруялъухъ.

***– Дунялъул бищун кӀудияб кӀиго балъголъиялъул – «Кеннеди лъица чӀварав?»***



***ва «Дунял кин бижараб?» жаваб щвезе тІаса бищизе ихтияр кьуни, дуца кинаб бищизе букІараб?***

– Кин ракьалда гІумру бижарабали. Дида ккола гьеб бокьарав, пикру гьабизе лъалев, инсанасе лъазе бокьилаанилан.

***– Дур халкквеязда рекъон, Дагъистаналда гІелмуялде интерес цІикІкІунебищ бугеб дагьлъулебищ?***

– Дагьлъулебги гьечІо, амма абилебгІан цІакъ борхулебги гьечІо. Гьанжесеб лъайкьеялъул системаялъ гьелъие квербакъулебги гьечІо. ЦІакъ дагьал гурого гьечІо унго-унголъунги гІелму лъазабизе бокьарал школлъимал ва студентал. Хасго Дагъистаналда.

***– Щибха гьабизе ккоЛеб республикаялда гІалимзабазул хІалтІи машгьурлъизе ккани?***

– ХІажалъула федералияб программа. Гьелда букІине ккола мугІалимзабазе квербакъиялъул хІакъалъулъ бутІаги. ГІалимзабазул хадусеб гІел хІадуризе ккола университетазда гуреб, гІезегІан цебе, гьитІинаб къоялдаса нахъего.

***– Дур хІалтІиялда хурхун дуе кьурал бищун тохал суалал?***

– Дагъистаналдагийищ гІелму бугеб? КигІанха дуе щолеб дур хІалтІухъ? Нужеца институталда бомба гьабулищ? Кинаб гьезул гІантабали нужецаго бище.

***– ГІелмабазул бищун кІвар бугеб ккола...***

– Гьеб суалалъе дир жаваб якъинго лъаларищха – физика. Гьелъ лъазарула дунялалда лъугьунеб щиналъул кьучІал. Цоги, физика буго киналго технологиязул аслу. Рокьулищ смартфонал? Телефонал? Рукъалъул техника? Баркалаян абе физикаялда.

*Руслан Бакъидов*

**Альбина Шутунова**



# «Дие рокьула цойгидазда релълъинчIеб пикруялъул лъимал...»

***«Ниж руго чанго наслуялда педагогал. Дидаги батIияб хъулухъ тIаса бищизе бегьулиланго ккечIо. Къисматальги гьедин хъван батана».***

Учительзабазул наслуялъул гIадан... Гьедин абулеб буго гьелъ, бер речIараб-го батIа бахъизе лъалеб хасаб мугIалималъул сипат бугей, жиндего.

РМЛалъул (пагьму-гьунар бугел лъималазул гIемер профилазулаб интернат-лицей) директорлъиялъул нух кин байбихьарабилан гьикъидал, Альбина Выборовна Шутунова гьимана.

– Гьеб букIана, мугIалимлъиялъе мутIигIлъи гьечIого ва гIумру жаниб унеб рукълъун школа бихьичIого жиб бахун бажарулареб, захIматаб нух. Гьедин букIана дир эбел-инсул хъизаналдаги, гьедин буго дир хъизаналдаги...

Унго-унгоял педагогал, Альбинал эбел-инсуца сверана тIолабго улка. Гьелъул лъимерлъи ана Лак районалъул Бурши росулъ. Эбел-инсуца цадахъ хIалтIуде ячун, хъвазе-цIализе хехго лъана. КвегIаб квер цIикIкIун хIалтIизабулеб букIиналъ, МахIачхъалаялде рахъиндал, мекъса хъвадарулей йигилан багьанаги батун, инкар гьабула Альбина кIиабилеб классалде ячине.

– Ниж лъабгоял руго яцал, – ян бицана Альбинаца, – кIигоялъ бищана экономикияб лъай, дидайин абуни кидаго лъалаан учительлъун яхъунеблъи. Дун кидаго тIахьалгун йикIунаан. Щай дица тIаса бищараб историялъул факультет? Гьеб бигьаго бичIчIизе бегьула, «историялъул ва обществознаниялъул учительлъи» буго жамгIияталъул социалияб ва экономикияб гIумру камил гьабизе кIолеб махщел. Заманалдасан дун тIадеги цIалана «Педагог-гIуцIцIарухъан», «Лъайкьеялда менеджмент» курсазда цIалана.

Школалда бараб щибаб сон, хъулухъалъулаб болъодухъан тIаде яхунеб цоги хIокIлъун букIана гьелъие. Гьедин, байбихьуда тахшагьаралъул щуабилеб школа гIолохъанай педагогалъе букIана лъикIаб хIалбихьилъун. Гьений Альбина Выборовна ругьунлъана лъимал гIенеккизаризе, пишацоялгун гIаммаб мацI батизе. М. ХI. ХIамзатовасул цIаралда бугеб гIемерпрофилазулаб гимназиялда хIалтIулагоги щвана саламатаб профессионалияб хIалбихьи. Альбинада рекIелъ хинлъигун ракIалде щола, мугIалимзабазе гуребги, цIалдохъабазеги лъайкьеялъулаб хIалбихьи кьезе хIаракат бахъулев вукIарав директор Бадави СагIидович ХIажиев.

### *МугIалимасул методология*

– РМЛИ ДОДалде хIалтIизе ахIидал загьирлъана дие цIияб профессионалияб дуниял. Пагьму-гьунар бугел лъималазул лицей-интернаталда бичIчIана, гьеб



хасал, цойгидаздаса лъаялъул рахъалъ тIокIал ва хадуселъ республикаялъе пайда бугел лъимал куцалеб бакI букIин.

КIиго лъагIалидасан Эльмирада тIадкъана лъайкьеялъул гIуцIиялъул директорасул ишал. ЛъагIалидасан тIолго коллективалъ божилъи гьабуна ва киналго разилъана гьелъул нухмалъиялда гъоркь хIалтIизе.

Россиялъул вузазда хадубккун цIализе бажарулеб даражаялъул, гIакълу, лъай ва тарбия бугел выпускникал къватIире риччалел рукIиналъ лицеялъул цIар рагIана.

## *Лъай-гIелму гуреб, тарбияги кьезе*

Гьеб хIалтIулъги директоралъ хIисабалде росулел руго лъималазул хасиятал ва тIадчIей гьабулеб буго бихьинал мугIалимзаби школалда хIалтIизе росиялда.

– Замана гьабсагIат захIматаб буго, бихьинаб гIамалалъул васал куцазе къваригIун руго. Гьелдалъун бичIчIула школалда къанагIатав педагог-бихьинчиясул бугеб кIвар. ХIажат буго щибав мугIалимас жиндирго хIалтIулъ, лъай ва тарбия кьеялда цадахъ, лъималазулъ ватIаналде рокьул мугьал рекьизе ва рухIияб бечелъиялъул кIвар бичIчIизабизе.

Альбина Выборовналда лъикI лъала лицеялъул лъималазда жидерго гьабулеб тIалаб-агъаз бичIчIулеблъи. ЦIали тIобитIула цо сменаялда, къаденахъе заман кьола тIадеги цIияб жо лъаялъе. Лицеялъул цIалдохъаби хIадурула олимпиадабазде, конференциязде, гIахьаллъула проекталъулал хIалтIабазда, психологи-



*«ШигІрияб театралда» данделъи*

ялъул тренингазда, элективиял курсазда ва кружоказда.

Гьединго лицеялде лъугьунелъул, щуабилеб классалъул цІалдохъабазул ихтияр буго: инженериябгун технологияб, естествениябгун гІелмияб, яги гуманитарияб – жидеего рекІее гІолеб рахъ тІаса бищизе. Гьелъ рес кьола ЕГЭялде дурусго хІадурлъизе. Лицеялъул мугІалимзабаз гьоркьоблъи гьабула Дагъистаналъул лъайкьеялъул министертствоялъулгун, Дагъистаналъул лъайкьей цебетІезабиялъул институталъул хІалтІухъабазулгун, тІоритІула рагьарал дарсал.

Директоралъ гъира-цІаялда бицана «Информатика», «Математика», «Робототехника», «Физика» предметал цІеретІеялъе квербакъулеб «Цифровая инновационная среда» проекталъул, дагъистаналъул лъималгун Сколковалъул проектал тІоритІулеб куцалъул. Хадусеб иргаялда бугила «Искусствениябинтеллект» проект гІумруялде бахъинабиги.

Жиндирго ишалъулъ рокьи ккарай Альбина Выборовнаялъул жигар-жан бахуна мугІалимзабазде гуреб, цІалдохъабаздеги. Нухмалъулесул рекІел хІал коллективалъухъеги щвезе кколин рикІкІунеб буго гьелъ. СВОялда ругел васасе рахчизе санагІатал сеткаби лицеялъулаз гъираялда хьухьунеб куцалъул, тепловизорал, хинаб парта-магІал добе жидецаго битІиялъулги бицана директоралъ. Гьаб нухалда кумекалъе гьез тІаде босун буго Курск область. Лъималгун дандчІвазе рачІун рукІана хасаб рагъулаб операциялда ругел лицеялъул выпускникалги.

### *Рокъоб гьава-бакъ...*

Ахиралда нижеца гьикъана, эбелалъул гьединаб хІалуцараб хІалтІул графикалде рокъосезул бербалагьи кинаб бугебилан. Альбинал гьурмада хинаб гьими кунчІана.

– Яс – Луиза ккола кІиго лъимадул эбел, гинеколог. Вас – ГІадилгерейница лъугІизабуна ДГУялъул юрфак, хІалтІилев вуго «Россетазда» юристлъун. Бищун гьитІинав Тимур, гьанжего бичІчІулеб буго технарь вахъине вукІин, анкьабилеб классалда цІалулев вуго.

Лъималазда ва гьезул лъималазда дун гІемерай йихьуларо, амма эркенаб заман дица гьезие кьола. ГІемерал соназ Дагъистаналъул захІматалъул инспекциялъул нухмалъулесул заместительлъун хІалтІарав, рукъалъул бетІер Малла ГІабдулахІовичасда лъидасаго лъикІ бичІчІула нухмалъиялъул хІалтІул захІмалъи ва жавабчилъи, гьес дие сундулъго кумек гьабула. Гьесда лъала, рокъоб гьава-бакъалъул тІалаб киназго цадахъ гьабизе кколеблъи, нижер хъизаналъул чагІазул лъилниги гьелда щаклъиги гьечІо!

***ГІайшат Тажудинова***



***Юридикияб букIа, инсанияб букIа – кинаб рахъаль босаниги, хъизаналда жаниса лъимер нахъе бачин бигьаяб иш гуро. Амма цо-цо мехалъ гьеб гьабичIого тIубалеб гьечIо, гIицIго лъимадуе гIоло. Эбел-инсул рокьиги, хинлъиги, агъазги щвечIеб лъимер нахъе бачин, цого цо сабаблъун кколеб буго, гьеб хвасар гьабиялъе. Жиндирго захIматаб, амма хIажатаб хIалтIул бицана 25соналъ лъималазул тIалаб-агъазалда йигей, «Кумторкалинское УО» МКУялъул опекаялъул ва попечительствоялъул органалъул нухмалъулей, РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан Умзагьрат Вайланматовна Идрисоваль.***

# ГІумруялъул магІна – лъималазулъ

Жийго Умзагьратие хъизан буго къимат тІокІаб хазина. Гьелъ абухъе, хъизаналдасан тІамула нилъеца киназго гІумруялде гали. ЦІалулел-хІалтІулел бакІаздасаги нилъ рокъоре рекерула хъизаналъул хинаб гъанситухъе. ГІага-божаразул сверулъ куцала гІадан вокьиги адабги гІадал хасиятал, малъула гІадамазда гьоркьор хьвадизе. Умазагьратица кутакалда хІаракат бахъулеб буго эбел-инсул хинлъи гьечІого хутІарал лъималазе гьединаб гъанситухъ букІунеб хинлъиги рокьиги кьезе. ГІемерал лъималазе кумек гьабуна гьелъ, гІумруялда жанир дандчІвалел захІмалъаби къезаризе, ругьунлъизе, къо хІехьолеллъун лъугьине.

КІудияб адабгун бицуна Умазагьрат Идрисовалъ чияр лъимал хьихьизе рачунезул хІакъалъулъ.

– Дол лъималазул къисматги талихІги гІемерго бараб буго гьел хьихьизе рачарал цІиял умумузда... Азарабго баркала буго гьезие, гьезул рекІел хинлъиялъухъ, гьез чияр лъималазе кьолеб рокьиялъухъ ва гІакълуялъухъ. Хьул буго гьединазул мисал цойгидаздаги берцин бихьун, республикаялда социалияб бесдаллъиялде цІикІкІун кІвар буссинилан. Гьединал гІадамаз бер къапичІого жидедаго тІаде росула, лъималазул эбел-инсуда тІаде кколел, киналниги тІалабал. Дандерижилъун гьезие щола талихІги хъизаналде къабул гьабураб лъимералъул кверчІвайги.



Муниципалияб хъулухъалде Умзагьрат Вайланматовна ячIана Ростовалдаса юссараб 1999 соналъ (гьений гьей хIалтIулей йикIана школалда химиялъул мугIалимлъун ва профтехучилищеялда индивидуалияб лъай кьеялъул мастерлъун). Ростовалде унелъул, рос Султанпашагун гьазул вукIана кIиго вас Заур ва Казбек, гьений гьезие гьаюна яс Эльзаги.

Умзагьратил ВатIан ккола Хъумторхъала. Гьалъул эбел йикIана цIолбохъанлъиялъул цеехъанлъун, эмен вукIана гьитIинаб къоялдаса вехьасул тIилгун, хадув цIалана агрономлъиялъе. ГIадатал захIматчагIазул хъизаналда рукIана ункъго лъимал. 1976 соналъ Умзагьратица лъугIана ДГПИялъул химиялъулгун биологиялъул факультет ва хIалтIана ИшкIартIа гьоркьохъеб школалда ва Хасавюрталъул школа-интернаталда.

Къайимлъиялъул ва гIовул гIужде рахинчIезулгун хIалтIуде: «Дудаса лъикI гьаб хIалтIи лъицаниги гьабуларо», – ян гьей ахIана цебе лъайкьеялъул управлениялъул вукIарав нухмалъулес. Умзагьратида хехгого ричIчIана жиндаго тIадал ишал.

ГIасруялъул ункъил бутIаялда жаниб гьелъ тIалаб гьабурал лъималазул, умумузул, опекуназул рахъалдасан гьалда гIемер рагIана баркалаялъул рагIаби.

Гьединго Умзагьрат Идрисова 22 соналъ хIалтIана Хъумторхъала районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул гIуцIиялъул председательлъун. КIодо гьаюна РФялъул лъай кьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул ХIурматалъул грамотаялдалъун, муниципалияб администрациялъул баркалаялъул кагъаталдалъун.

***– Бице къокъго дурго хIалтIул хаслъиялъул.***

– Нижер аслияб хIалтIи ккола хъизаналда талихI кьечIел, зулмуялда гъоркье ккарал лъималазул тIалаб-агъаз гьаби, хьихьизе лъимер бачараб хъизаналъулгун хIалтIи гьаби, гIовул гIужде рахинчIел лъималазул ихтиярал цIуни.

– ХIалтIулъ аслияб шартI буго ракI жубарал рукIин, гьеб цIакъ хIажалъула лъимер хьихьизе бачаралгун гара-чIварулаго. Нижеца гьел гIадамазе гIицIго лъикIлъи гьарула ва кумек гьабула гьезул ругел гIунгутIаби тIагIинаризе.



Умзагьратица бицана, хIисабкьеялъе халгьабулелъул, изну босичIого жий киданиги чияр холодильникалъуе ва шкафахъе яккаруларилан.

***– Чан лъимер бугеб нужер районалда эбел-инсул агъаз гьечIого ва чияр къаймлъиялда хутIараб?***

– КъайимлъиялъулгIуцIиялъул хъвай-хъвагIаялда гьабсагIат буго 12 хъизаналдаса 17 лъимер. БукIунаан заман къадар 69ялде бахарабги (эбел-эмен инвалидал рукIиналъе гIоло, къайимлъи цойгидазухъе кьей гьукъараб закон бахъизегIан. Гьереси-инвалидал гIемерлъун рукIиналъ батилаха къанун бахъараб).

***– Кинал шартIазда лъимал къаймлъиялде гъоркье кколел?***

– Лъимадул кIиялго умумул къадаралде щвани, ялъуни – цоял хун, цогияв туснахъалда вугони. БукIана лъугьа-бахъин, росас чIужуги чIван, гьев жанив тIамураб. Лъимал хутIун рукIана ункъгIалалъул къайимлъиялда. КигIан тIубазе кIолареб суал букIаниги, дица кумек гьабуна гьелъие хIукуматалдасан щолелщинал гIарцулал сурсатал щвезе.

***РукIанищ хъизаназдаса лъимал нахъе рачине ккарал лъугьа-бахъинал, гьединаб «кумекалде» щиб бербалагьи дозул букIунеб?***

– БукIана Учкенталда цо гьединаб хIужжаги, нижеца, бищун гьитIинаб, щуабилеб лъимер умумузухъги тун, реабилитационияб централде хъизаналдаса ункъго лъимер бачараб. Абизе кIоларо гьеб рес къотIараб, къо бухIараб хъизан букIанилан.Эбел-эмен рукIинчIо я гьекъолдухъаби, я наркоманал. Инсуца хIалтIун балагьулаан моцIие 100азарго гъурущгIаги гIарац, эбел рокъой йикIана. Амма гьез цIакъ тIаса-масаго гьабулеб букIана лъималазул тIалаб, рукIине кколел шартIалцин гьезие гIуцIичIого. КIвана гьезда бичIчIизабизе бухIараб квен ва цIалдезе лъикIал шартIал ругел социалияб гIуцIиялда гьезул лъималазе лъикI букIунеблъи. Сериалазда нилъеда рихьулел гIадал, хачадулей эбелалъухъа ццидалай кIодоца гIодулел лъимал нахъе рачунел сценаби нижер хIалтIулъ кколаро. Эбел-эмен лъикIаб рахъалдехун хисун, магIна-гIиналде рачIаралго, гьезухъе лъимал нахъруссинарула.

***Кин тIобитIулеб хIалтIи лъимал хьихьизе рачарал, рачине бокьарал умумулгун, опекуналгун?***

– Дица цебеккун бицахъе, нижеца халгьабула гIовул гIужде рахинчIел лъимал хьихьизе хъизаназда ругел шартIазул, гьезул халгьабулаго ратарал гIунгутIаби тIагIинаризе кумек гьабула. Гьединго малъа-хъваял гьарула, документал ракIариялъулъ кумек гьабула.

***– Бихьулеб буго, дуе дурго хIалтIи бокьулеб букIин, захIмалъаби дандчIвалищ?***

– Узухъда. РекIее кIудияб тIадецуй, захIмалъи букIуна, амма дицаго кири цIикIкIараб хIалтIи гьабулеб бугин абураб пикруялъ бигьа гьабула. Гьединлъидал, хIалтIуде гъираялда уна. Сахаб жамгIияталъе, чIахIиязе лъималазулъ буго магIнаги рохелги. Дун дунгоги эбелги анлъгоязул кIодоэбелги йигелъул, дида гьеб бичIчула.

***– Хъизаналъе хутIулищ заман?***

– ХIаракат бахъула. ЛъагIел буго, 40 соналъ гьуинлъиялда цадахъ гIумру тIамурав, нижер рукъалъул бетIер къадаралде щвараладаса. 2022 соналъ СВОялда къадаралде щвана кIиабилев вас. ЦIикIкIарав вас хIалтIилев вуго Хъумторхъала районалъул администрациялда.

Лъалищ, лъимадулаб талихI цIубараб букIуна жиндие рокьиги хинлъиги щолеб хъизаналда. Узухъда, лъикI букIуна гьеб рокьи эбел-инсудасан щолеб бугони, амма цо-цо мехалъ къисматалъ батIайиса хъван батула...Гьеб мехалъ кинабго къуват кьезе ккола, гьитIинав инсанасда жив лъиего хIажат гьечIевлъун, рехун таравлъун вихьичIого вукIиналъе гIоло.

**ЛъугIулеб бугеб лъагIел – хъизаналъул сон! Дица ракI-ракIалъ гьарула бесдал ва рехун тарал лъимал дагьлъагиян, киназего – гьитIиназеги чIахIиязеги: чорхое сахлъи, хъизаналъулаб хинлъи, рекIее парахалъи!**

*Виолетта Ратенкова*



# Гьадинал гIадамаз ккун буго дунял!

***Тагиркент-Казмаляралде бухьараб сапаралъ дун дирго лъимерлъиялде ячана. Гьелдаса нахъе гIемераб заман ана, амма додинго гIодокарудал цIурал хъархъалги, хасцIулакьо бакIарулезул релъи-хъуйги... Шагьараздасагицин рачIуна лъимал эбел-инсуе цIулакьо бакIаризе кумек гьабизе.***

Тимур Гъабетулаевич ХIабибов – агроном, росдал магIишаталъул гIелмабазул кандидат, ЖамгIияб палатаялъул эксперт ва гьеб росулъа чи, рикIкIадаб I988 соналъ практикаялъ вукIана Геджухалда. Гьениб гьесда рихьана, киназго Екатериналилан абулел, ракьулъ гьарурал чагъир цIунулел бакIал – лъугьинегIан, анцI-анцI соназ чагъир жаниб цIунулел, кIудиял миккил къалал. Кинал рукIаниги сиясиял лъугьа-бахъинал гьезда хъинтIун гьечIоан ва гIадат букIахъе цебе унеб бугоан гьеб иш.

Росдал магIишаталъул академиялъул студент, гIолохъанав Тимурида ракIалде ккола гьел артефактал нахъе цIунизе. Умумузул кинаб гIумру букIараб, яшав сундалъун гьабулеб букIараб, рокъоб щиб хIалтIизабулеб букIараб, кинаб хIалтIи-пиша гьезул букIарабали наслабазда бихьизе.

– Дица байбихьана цебегосеб цIа-рагI бакIаризе. Цебегосебилан абизеги захIмат буго: цодагьаб цебегIанги дир музеялда ругел тIагIалабаздаса дир хъизаналъ пайда босулаан. Жаниб квас яги квас-квас къазабурал чIартил ясикIаби, цIулал яскIаби, лъимал тIад рекIинарулел цIулал гьакал....

ГIемерисеб музеялъул къайи гьес бакIарана жиндирго гIага-божаразухъа. Цо-цо добаса-гьаниса бичун, хисун босарабги буго. Гьеб бигьаяб заман букIинчIо – пачалихъ биххун унеб букIана. ГIелмияв хIалтIухъанлъун Тимур хIалтIилев вукIарав Дербенталъул хIалбихьиялъул станциялъул хIалтIухъабазе харжал заман бахъун гурони кьолел рукIинчIо. Гьелги рукIана цIакъго гьитIинал. Щибаб нухалъ, гьес рокъобе басрияб чирахъ яги дергъолеб машина бачIиндал, гьадинги магъкьил цIун буго рукъилан гаргадулаан гьесул хъизан. ТIоцебесеб гьесул музеялъул артефакт букIана хьибилалда Сталинил суратги биун тIураб 3 литра тIолеб банка.

Музеялъе къайи бакIариялда цадахъго, жиндирго опытал гьарулеб участокалда гьес селекциялъулаб хIалтIиги гьабулеб букIана. Доб заманаялъ, ай 2000 соналъ, жиндирго гIарацги хвезабун, чIезе гьитIинаб пальмаялъул гъветI босана гьес. Гьеб гIарцухъ рокъобе чанго ролъул таргьа босизе бегьулаанилан чанцIулго хъизаналъги бадиб чIвана. Амма лъагIалидасан, цогидазе чIезе гьеб пальмаялъул чIоралги ричун, гIарац тIадеги нахъ буссана. Селекциялъулал экспериментаги гьарун, Тимурица лъикIго рижулел, гIолел чIорал лъугьинаруна.

Гьеб 300 пальмаялъул гъутIбуздасан байбихьана, кибго дунялалда гьечIеб гIадаб, Тимурил субтропикияб ах. Гьенир дандчIвала бищунго дуняланлдаго къанагIатал ва гIажаибал ракьалда рижулел жал. Гьесул ахикь буго 300ялдасаги батIи-батIияб сорт – гьеб лаврожага, япониязул мушмула (туристазул пикруялда гьеб Тимурил ахикь Абхазиялдаги Китаялдаги бугелдаса тIагIамаб буго), киви, фейхоа, маракуя, унаби, кудрания, лимоналъул махI бугеб туя, махI берци-







наб будлея, кидаго гIурччинаб магнолия, Ташкенталдаса читальпа ва гь.ц. ГIемераб тIад харжги гьабун, дунялалъул селекционераз лъугьинарула бухIи-цIорой хIехьолел, унтаби ва заралиял рухIчIаголъаби нахъчIвазе кIолел, цIиял сортал. Тимурил гьездаса къураб хIалтIиги хIасилги гьечIо, жиндирго 15 соткаялда. Гьесул профессинализм ва хIаракат бихьичIого хутIичIо – жакъа гьев вуго ООО «Полосаялъул» агроном ва гIелмияв консультант. Гьез ахирисеб 5 соналъ промышленнияб къадаралда чIолел ва гIезарулел руго хасцIулакьо, багIли, гени, микьир, кокон ва цогидалги ахил пихъал. Байбихьун буго гьединго, евростандарталда рекъон, тIинкIулеб лъалъайги хIалтIизабун, кIудияб къадаралда киви, миндаль, гранат ва хурма гIезабизеги.

Тимурица бицана, 2000 соналъ Дагъистаналда тIоцебесеб хурмадул ах цо гаялда жинца чIанилан ва 2001 соналдаса цогидазги чIезе байбихьанилан. ГьабсагIат Дагъистаналда хурма 1000 гаялда чIун буго ва Россиялда нилъ бищун цере руго.

Гьесул ахикье щвейгун, сверун кинабго тIегьалеб, пихъал барщулел рукIуна, берцинал махIаз бетIер сверизабулеб асар гьабула. Тимурица хъахIаб, багIарсияб ва щакъикьераб будлеялъул хъарахъалдаса чанго гIаркьел бекана:

– Нужеда ургъел ккоге, тIаса рекаралгIан, тIадеги рижула гьелда гIаркьалаби, – йилан гIодоре риччазаруна ниж гьес.

Тимурица бицана, СССРалда букIанила Мичуринил кутакаб селекциялъул школа. Дуньялалда гьечIел сортазда тIад хIалтIи унеб букIанила гьениб. ГьитIинаб киви мисалалъе. Гьеб кинабго хIалтIи къанила ва жиндица, къваригIараб мехалъ, гьел разработкаби Польшаялдаса, Венгриялдаса росизе кканила.

КIудияб чIухIигун бицана гьес нижее азиминалъул хIакъалъулъ. Гьеб рагIула бананалда релълъараб, бананалъулги ананасалъулги тIагIам жубараб, гIажаибаб пихъ. Италиялдаса рачIарал специалистал, Тимурил ахикь азимин бихьидал, цIакъ рихха-хочана – Италиялда гьанжего гьанже чIезе байбихьулеб бугеб азимин некIого Дагъистаналда букIун бугилан!

– ТIад пихъ бижулеб ракь буго чIагояб. Кинабго чIагояб жо гIадин гьебги херлъула, унтула, жиндирго тIабигIат-гIамал хола. ГIалимчи-агроном хIисабалда дир мурад буго, нилъер умумуз цIунараб гIадин, наслабазе нилъер ракь пихъ кьолеблъун цIунизе.

Гьедин хабар-кIалалда рукIаго, гьесда аскIове вас вачIана – Калининградалдаса туристал рачIун ругила, музей ва ах

бихьизе. Рокъоб музей гьабиялъул идея гьесие кьурав чиги Ханжан Къурбанов – машгьурав политолог ва журналист вуго. 2018 соналъ Тимур вукIуна азбаралда ремонт гьабулев. Ханжаница абула, жинца туристал рачинила духъе, дур субтропикияб ах ва азбар-музей бихьизе, дуца кинабго берцинго лъун, азбар къачIайилан. Гьеб мехалъ азбар сверун стелажалги лъун, гьес кинабго гIуцIа-кIутIула ва щибаб экспонаталъул тарих бицуна:

– Гьал рекелал руго цебегосеб ханжарлъелалъул хутIелал, Ярагъ-Казмаляралда раскопкабазда ратарал. Гьаб чирахъ буго Ахтиялдаса, мергал рорхатал Курах районалъул росабалъа. Гьаб кини нижерго хъизаналъул буго, щибаб рокъоб рукIунаан гьадинал. Гьаб халича бессулеб мехалъ тIад кьабулеб бакIаб гьоркьо буго. Гьал щагIил хъуби руго XVII гIасруялдасаго, резил цIа-рагIги... Щибаб тIагIелалъул буго жиндирго тарих ва музеялде жиндирго нух. Музеялде рачIаразе лезгиязул гIадатияб рукъ кин гIуцIцIун букIарабали бицине, тарихалъул тIахьал цIализе ва миллиял хаслъаби лъазаризе ккана – туристаз гIадан хадув гъоларел суалалги кьола цо-цо. Гьезие жаваб кьезеги хIадурал рукIине ккола. Гьеб гуребги, дица бахъана дирго нух Самуралъул рохьосан, гьениб дица бицуна гьенир рижулел жалазул, рухIчIаголъабазул, хIайваназул ва жанаваразул. Росдал гIадамалгун чанцIулго сверухълъи ва рохьоса кьишни-къулги бакIарана.

Нужеда бичIчIанихъе, хIалтIи камун щивго гьечIо гьенив – вас туристалгун дандчIвала, лъадуцаги нусалъги гьезие квен гьабула, ясалъ киналго жамгIиял гьундузда гьурмал рачуна. Киназулго буго жинди-жиндир иш! – илан велъана Тимур.

Дица цебечIезабуна: гьав Калининградалдаса цIалдохъанас, сентябралъ школалде вачIингун, киназего бицина жив Россиялъул югалъул гIорхъода бугеб рокъоб гьабураб музеялде ва гIажаибаб ахикье щванилан...

**Ракьалде рокьи бугел киналго гIадин, гIадатав, сабруяв, хIалимав, гIодове виччарав, гIемер хабар гьечIев, унго-унгояв хIалтIухъан вуго нилъер Тимур Гъабетулаевич ХIабибов. Гьадинал гIадамаз ккун буго аб дунял!**

*Сулгият Булгаева*









# *Рокъудалъун хIалбихъи!*

ВукIана дир школалъул гьудул – «игиз». Ниж умумуз, цадахъ хIалтIулел учительзаби рукIун, цо классалде ккезарун рукIана. Гьедин щулалъана гьудуллъи! Кьурдул ансамблялъги жеги гъункизаруна ниж. Узухъда, учительскаялда гIурал нижер мугIалимзабазукьа хIинкъи-къайго букIунароан – гьабулареб жо толароан! Чара къосиналъ, умумуз ниж батIияб школаладе ритIана, дораги ниж руцIцIун чIелищха?! Добаги нижее учительницаялъул битIккана – лъимал, хасго ниж гIадал «хасал», цIакъ рокьулаан гьелъие. Нижер жигарги «кинабго лъайги» гьелъ буссинабуна батIияб – пайда кьолеб рахънибе. Гьанжесел гIадамаз абухъе, «креативалде».

Школа тIокIлъигун лъугIана расандилаго! КIиялго цIализе рорчIана институтазде: дун хутIана Дагъистаналдаго, досие рес кьуна Москваялда жиндирго хIал бихьизе. Узухъда, гьесухъа бажаризеги бажарана!

Тахшагьаралда гьудуласда дандчIвана дой. Гьев дихъе кIалъана: «Дида ятана, гьай йигей гIажаибай яс щиб!», – илан. Дида бичIчIана сундул хIакъалъулъ гьевали ва йохана. Ниж хехго рокьи кколел чагIи рукIинчIо – амма гьеб букIана кIудияб гIумруялдасан тIоцебесеб цIумур!

РакIалда руго тIоцебесеб курсалъул хасалил каникулал, гьев поездалдасанго дихъе вачIана ва дида лъана долъул хIакъалъулъ кинабго: гьайбатай гьечIониги, цIодорай (нилъго гIадай), аваданай, гIакъилай, сабурай (нилъеда релълъун), хIеренлъиялда цадахъго къвакIарай, ракI рагьарайин ккаги, манзил кквезе лъалей. Гьей бадие ялагьани, я рагIи абуни – киналго асир гьарула! Гьелъ куркьбал гъола, гьелъие гIоло дунял бегуниса бахъизе ва карамалъаби (гьунарал гуро!) гьаризе бокьун лъугьуна. Гьейгун калмыкияйгун херлъизеги, щуго… гуро, анцIго лъимер гIезабизеги анищлъула.

Каникулазул заманалда дида кинабго лъана гьудуласул йокьулелъул хIакъалъулъ, дун йохун йикIана гьездаса. Хадусел каникулазда рукъалъул чагIазулгун лъай-хъвай гьабизе ячун ячIана гьес дой яс, жиндирго рокъи гIагаразеги къабуллъиялда ракIчIейгун. Къабуллъичӏо. СогIаб, нахъекъай гьечIеб куцалда данде ккечIо…

Дир гьудуласда гьеб кутакалда рекIеда бана… Дихъе гьел гIодорчIван, пашманго рачIана. «Жание лъугьа» – ян, квер ккун, цIана дица жеги лъаларей инсан. «Баркала» – ян гьимизе хIаракат бахъана гьелъ. Нижер байбихьудасанго гьудуллъи ккана ва, яцал киниги, цоцазе гIагарлъана.

Рокьи ккарал Москваялде цIалуде тIадруссана, амма рукIана жеги жидеда щибго лъаларел долъул эбел-эменги. Иргадулал каникулаз гьал Калмыкиялде уна. Доба гъункараб кIудияб хъизан, дир цIияй гьудул гьезул цо йигей яс, эбел рукъ ккурай мисалияй чIужугIадан, эмен-Калмыкиялда машгьурав магIишатчи, цIар рагIараб колхозалъул директор… Кин нужеда кколеб, дол роханищ бахIараздаса? Узухъда, рохичIо, дагъистаниясдаса гьезиеги калмыкияв вокьилароанищ. Инсуца гьал рачахъичIо, гIаданлъиялъул нухдасан вилълъун, «дурц» бертаде хIадуризе,

эбел-инсуе лъикIаб бицине рокъове витIана ва, академикияб отпускги босун, яс яхчизаюна. Доб мехалъ (80-абилел соназ) мобильниял телефонал рукIинчIелъул, я кIалъазе, я вачIине дир гьудуласе нухал къотIана.

Гьев киданиги сундасаниги нахъекъай бугев вас вукIинчIо: гьединлъидал цIалулеб бакIалдасан академикияб отпускги босун, йокьулелда аскIобегIан, калмыказул авлахъазда, гIиял къавуда вехьлъи тIаса бищана. ЛъагIелги хадубгигIан заманалъ гьединги вукIун, гьудулас инсул рокъоса, хъамунлъиялда, йокьарай яс ячана.

Москваялде тIадги руссун, цIали лъугIизабуна. Гьеб мехалде дир гьудул лъимаде йикIана. Хадуб кIиабизеги хIалбихьана гьаз эбел-инсулгун гьоркьоблъи цIигьабизе. Къабул гьаруна гьал калмыказ, кумекги гьабуна гIолохъанаб хъизамалъе. Заманалдасан инсуе дурц васгIанги вокьана, лъугьинавуна хIалтIуде, жиндирго ишазде гъорлъе. КIиабилеб лъимер гьабун хадуб, гьал жалго бетIергьанаб рокъоре рахъана. Вакьадасул кваранаб кверлъун лъугьарав дир гьудуласул иш лъикI унеб букIана: букIинчIо я гIарцулаб, я магIишатияб гIунгутIи. КъватIисел пачалихъаздецин щвана гьазул бизнесалъул ричIчIи-тIири.

Амма васасул эбел-инсуца гьев тIокIалъ цIехечIо, вукIинего вукIинчIев киниги. Амма гIарац тIокIлъидал, бищун цебе гьес гьабуралъул бициниищ? МахIачхъалаялдеги вачIун, эбел-инсуе кIудияб квартира босана, дача, хадуб – яцазе квартираби, гьезулги лъималазе…

«ГIемер гьабуралъул къимат букIунаро – жахIдаялда гIагарлъиги букIуна, гьабурабги лъаларо», – ян дица абуниги, гьев ракI ккун чIечIо.

Жиндирго хъизаналъе квартира гьес босана ахирисеб иргаялда, гIемер кIудияб гьечIеб, амма лъикIаб бакIалда. Гьенире чIужуги кIияйго ясги рахъинаруна дир гьудулас. Лъабабилеб лъимер – вас гьавуна Дагъистаналда ва гьесда лъуна жиндирго инсул цIар, ясалда эбелалъул лъурабго букIана. Вокьуларев васас кьурал сайгъатал, росарал квартираби къабуллъаниги, эбелинсуе къабуллъичIо гьасул лъимал.

Дида лъалаан гьудулас Москваялда, хIатта къватIисел пачалихъаздагицин квартираби росун рукIин. Анищал рукIана рикIкIаде рахъунел, амма Аллагьасул къадаралдаса щивго ворчIуларо…

РукIана дол машгьурал 90-абилел, тIаде щолеб букIана ЦIияб сон, лъимал вачIунарев инсухъ, нухда бералги лъун, ралагьун чIун рукIана.

Чанго моцIалъ валагьана дир гьудул. Ихдал, гIазу биине байбихьидал, милициялъ лъазабуна, гъванщилъ речIчIараб гуллагун, дир гьудуласул жаназа батанилан…

Инсул сипатцин ракIалда чIечIел гьитIичазда гурхIун букIараб ракI, вас тIубан малъгIанасев жо вукIана. Чудкал киниги, тIадсверизе лъугьана гьесул гIагарал чагIи: къокъидаго къватIие лъугьинаюна дир гьудул (дица кумек гьабулеб букIана лъималазул ретIелхьит бакIаризе), щибго гьечIого ячIарай гIадин, щибго гьечIого гьезул гIумруялдаса нахъеги ине ккана гьей.

Жиндирго эбел-инсуца кумек гьабуна гьелъие лъимал рахъинаризе. Москваялда рукъги ккун рукIана гьел гIумру гьабун. Цоязда хадур цоял лъимал цIализеги гьенирго лъугьана. Цониги лъимералъ пашман гьайичIо гьей – эбел-инсудасан щивасе щун букIана гIакълу-лъайги берцинлъиги. Якьадалъул цIар лъурай яс цIализе къватIисеб пачалихъалде ана, лъикIго цее тIедал, гIумру гьабунги дояго чIана. 15 соналдасан хъизангун гьелъухъе ана цIикIкIарай яцги. Цинги васгун дир гьудулги гьениего яхъана.

Жиндирго гIумруялъул бицунаго, гьелъ гIемер рехсолеб букIана: «нилъ



дагъистаниял ругелъул», «киналго дагъистаниял гӀадин», «Дагъистаналда абухъе» ... Гьеб буго, вокьулев инсангун, жиндир лъималазул эменгун гьей юхьараб, бихьулареб кун.

Инсул гӀагарлъиялъ гьазул къисматалъул ургъелго гьабичӀо. Дир гьудулалъ лъимал кигӀан гӀемер Дагъистаналде рачаниги, гьез гьел цӀехечӀо. Цо-кӀиго нухалъ цояй яц дандчӀвана лъималгун, щиб-кинали жидедаго лъазелъун. Берталъеги, жахӀдаялъ гъанкъулел мадугьалзаби киниги, рачӀун рукӀана «чӀорогоял» кӀиго яц. Вацасул лъималазул кинабго лъикӀ батиялдаса рекӀекълъун, нахъеги ана.

ГьабсагӀат гӀемерал сонал руго нижер. Дир гьудул инчӀо кӀиабизе росасе, ригьин гьелъ балагьулебго букӀинчӀо: рокьи-гьеб къанагӀатаб талихӀ буго, рокьи кканищ – гьеб абадиялъего букӀине ккола. ГӀумру гьабун йиго жиндир адаб ккурал лъималазул, дурцабазул, нусалъул ва лъималазул лъималазул сверулъ, гьезул рокьуца гогьдаризаюн ва жиндие талихӀ кьурав дагъистанияв – дир гьудулги рекӀелъ цӀунун.

«Кинабго бугеб лъикӀ, цо-цо мехалъ макьуцин гуродаян ккола» – ян абула, рокьиялдалъун хӀалбихьи къадруялда хӀехьарай, дир гьудулалъ. Гьединай йиго, жиндирго тӀоцебесеб ва такрарлъулареб рокьуе, лъималазул инсуе ритӀухълъи цӀунарай, гӀажаибай инсан.

***Раисат ХӀайбулаева***



***ГIурусазул драмаялъулаб театралъ исана тIубала 100 сон ва гьеб ккола жеги гIолохъанго букIиналъул гIаламат. Божуларищ? Балагье тарихазухъ: КIудияб театралъул – 248 сон. Мариинкаялъул – 241. Гьезда данде ккунани, ГIурус театр гIанчIав гIолилав кколеб буго. Амма гьеб кколаро театралъул жиндирго тарих гьечIин абураб жо. Гьанирги гьалдана гIумруги рекIел асаралги...***

***30 соналдаса цIикIкIун гьелъие режиссерлъи гьабурасдаса лъикI лъицаха гьелъул хIакъалъулъ бицинеб? Скандарбек Тулпаров – Россиялъул искусствабазул мустахIикъав хIаракатчи, Б. Щукинил театралияб училищеялъул выпускник, чанго театралияб премиялъул бетIергьан. Гьесие буго рагIи...***

# Хабар бицинин театралъухъего

### *Байбихьиялъулги байбихьи*

Инкъилаб байбихьилалдего Темир-хан-Шура рукIана рагъулал гарнизонал. Гьенире рачIунаан хъизаналгун гIурус офицерал. ХIисаб гьабеха, кигIан ракI гъоларого Питералдаса ва Москваялдаса рачIарал руччаби гьанир рукIаралали. Ва гьезда батана жидее рекIелгъей – гьез гIуцIана халкъияб театр. Театралда хIалаан жалго, дагьал гIурал лъимал ва росал.

20-абилел соназ тIолабго Россиялдаго жиндирго труппагун сверулев вукIана гьунар бугев, цIаррагIарав режиссер ва актер Николай Синельников. ХIисаб гьабе, гьев данде кколаан Станиславскийгунцин. Буйнакскалде вачIиндал, гьесие кутакалда рекIее гIола бакIалъулаб театралъул къокъа ва, гьес хIукму гьабула гьенивго чIезе. Гьедин 1924 соналъул октябралда къватIибе уна Республикаялъулаб гIурус драмтеатр гIуцIиялъул буюрухъ. ЛъагIалидасан балагьаразул диваналда цебе лъола «Горе от ума» театралияб постановка. Синельников тIамула Дагъистаналда театралияб искусствалъе кьучI лъураб гIурус театралъул нухмалъулевлъун.

1934 соналъ тетралъе кьола Максим Горькиясул цIар. Жакъа къоялдаги дагъистаниязе рокьулел артисталлъун хутIун руго К. Якушев, С. Токарь, Р. Кулик-Терновская, П. Житковец, И. Карбовский, Н. Гостева, А. Захарова, А. Потапушкина, Г. Якунин, Л. Ва П. Коноваловал, Н. ва В. Андреевал, Л. Колюжная, 40-абилел соназин абуни гьенир хIалел рукIана И. Смоктуновский, В. Марков, Р. Маркова ва гьел гурел цогидалги цIваби.

### *Спектакляллдалъун лъадари*

Дун вачIана театралде 1993 соналъ. РакIбацIцIадго бицина, гъираялда гуро. РагIун букIана коллективалда бугеб питна-рагIул ва катаклизмазул. Гьениб букIана лъагIалабаз цоцазда жал кIалъалареб микьго къокъа. Ва щибаб къокъаялъул вукIана жидерго цевехъан. Театралъе нухмалъи гьабизе тIамидал киве ворчIилев? БичIчIана рикьалаби лъугIизаричIони хIалтIи цебехун билълъунареблъи. Коллективалда вихьизавун тIоцебесеб къоялъго дица абуна: «Рикьалабазул церехъаби, тIаде рахъая цо» – ян. СихIкъотIи. Лъиданиги ракIалдего ккун букIинчIо дица гьедин байбихьилилан. Дица гьари такрар гьабуна. Гьаб нухалдаги щивго гьункьичIо. Гьеб мехалъ дица калам гьабуна: «Церехъаби ратичIони, рикьалабиги гьечIоха. Гьаниб буго цо къокъа – ГIурус театр. РакIалде чIезабе гьеб хIужжа».

Худсоветалде цебе росулел рукIун руго гIицIго цо къокъаялъул вакилзаби ва гьел лъугьунел рукIун руго театралда аслияллъун. Киналго балагьун чIун рукIана дица щивдай вищилаян. Дицайин абуни ахIана батIи-батIиял къокъабазул гьунарги лъайги бугел чагIи. Дида бичIчIизабулеб букIана гьедин бегьуларин, «хутIарал дандеги чIун дун «кваназе» вугилан». Дицаги бичIчIизабунаха дун гьуинавин кканиги загьруяв ватизе бегьулеблъи. Дагь-дагьккун бухьенал гьаризе жувана, гара-чIварулаан коллективалъул щивав гIахьалчигун, лъазабуна лъил, щивгун, щиб сабаблъун тушманлъи бугебали, ралагьана маслихIаталъе нухал. Заманалдасан пишацоял, араб кIочон тун, цоцазда берцинго кIалъазе лъугьана. Гьанже бищизе кколаан идеялъул роцада гьал цолъизаризесеб спектакль, хIажат букIана театр цIилъизабизе. Дица бищана Булгаковасул «ГIадалав Журден» пьеса. Нижеца байбихьана гьелда тIад хIалтIизе ва циндаго ккана къварилъи – чIвана дир цевесев гьудул, театралъул бетIерав художник Эдуард Путерброт. Гьев вукIана дир мугъ чIвалеб кьуру, театралде вачIиналдего дида лъалев вукIарав цого цо инсан. ХIукму ккана



спектакль нижер Эдикие сайгъат гьабизе. Гьеб идея киназего къабуллъана. Ва нижеца бихьизабуна премьера! Дида бичIчIана хIалтIараблъи! Цолъараллъи!

РакIалде щвезе ккола щиб заман доб букIарабали: сверухъе гъачагъазул цIурал, чIвай-хъвей гIемерал 90-абилел. Гьеб спектакль лъолелъул дихъе, магIил цIун бералгун, екерун ячIана секретарша, кассаялде гIедегIеян. РекIелъ хIинкъигун дове щведал, буго игIлан «Киналго билетал ричун лъугIана», – ян. Ниж кидаго цере рахъунаан аншлагалда. Гьеб лъугьана, театралъул бетIерав режиссер хIисабалда, дир хIалбихьилъунги спектакляздалъун лъадарилъунги.

## *Гьаниб гIурус рухI, гьаниб гIурус махI*

Щибаб миллияб театралъ бищула жиндирго гьумер. Гьумерин абуни драматургия ккола. Репертуаралдаса къватIибе лъугьине ккола халкъалъул сипат. Дие халлъана гIурус театралъул гьумер гIурус классика букIине кколеблъи. Дица байбихьудаго хIукму гьабуна нижер гIурус миллияб театр букIине кколилан. ГIурус рухIгун! Нижер гIурусги миллиялги актерал бащад, 50 ва 50 руго. Гьеб баланс хвезабизе бегьуларо. ГIурус чиясул пластика батIияб букIуна. ГIурус актералгун ва миллиял – лъарагI, тум, авар актералгун хIалтIуда гьоркьоб батIалъи якъинго лъала. ГIурус актерас гали тIамуларо, гьеб щибизе тIамизе кколебали мухIканго гьесда бичIчIизабичIони. Миллияб театралда дица абула, мисалалъе: «А гьадаб кьодасанги, босе гьадаб тIагIел» – ан. Актерас щибго цIехечIого, гьабула. «Ине кколищ, ма ана». Дун цокIиго къоялъ гьелгун хIалтIула, цинги гьикъула: «ХIурматиял, щай нужеца гьикъулареб, щай гьабги гьабги гьабизе кколебан. Нужее гьеб бичIчIизе, лъазе хIажат гьечIогойищ?». Гьез дие жаваб кьола: «Мизансценаялдасан, физикаялдасан нижерго персонаж вичIчIизе бокьун», – илан. ГьечIищха хIалтIуде интересаб ва амма тIубан батIияб бербалагьи?! Щибав актер ккола жиде-жидер маданияталъул матIу.

ЛъарагIазул театралъ халкъалъухъе кьола лъарагI, аваразулалъ – авар, гIурус театралъ – гIурус рухI. Амма гьелдаго цадахъ кIочене бегьуларо кинав зрителасда гьеб бихьизабулеб бугебали. Дагъистаналъул, такрарлъи гьечIев зрителасда. Бокьаниги-бокьичIониги цIунизе ккола менталитеталъул хаслъаби. Сибиралда гIурав чи вукIиналъ батила, дида кIия-





зего рекъезабизе лъарабги. Дагъистаналде вахъун хадув дун гIемер витIулааан, гIадамазул яшав лъазабизелъун, магIарухъе. Хадуб дун актерлъиялъе ва режиссерлъиялъе цIалулев Москваялда вукIана. ГIаммал рагIабаздалъун абуни, дида бичIчIула гIурус рухI ва гьеб дагъистаниязда кин бихьизабизе кколебали.

### *Ками ккечIого хутIана*

Ахиралдаги бицина нужее Дагъистаналъул театралияб гIумруялда кIвар бугеб цо лъугьа-бахъиналъул. Байбихьуда «Севернияб Кавказалъул, ЧIегIер ралъдалгун Каспиялъул, рикIкIадаб ва гIагардегIанаб къватIисел пачалихъазул республикабазул гIурус театразул» фестивалан халатаб цIар лъураб тадбир гIуцIиялъул. ГьабсагIат фестивалалда гIадатаб «ГIурус сцена» ян буго цIар. Циндаго бачIана дир ботIролъе, батIи-батIиял улкабаздаса коллективал гьоболлухъ рачIунеб, нилъерго, республикаялъулаб фестиваль хIажат бугин нилъееян.

Гьаниб цо гIунгутIи: Дагъистаналде рачIине хIинкъулаан. Гьаниб спецоперациял, кьвагьа-гIанхъи букIана. Гьеб букIана 2007 сон. Дун ана Малый театралъул художествениияв руководитель Юрий Соломинилгун лъай-хъвай гьабизе. Гьеб театр Дагъистаналде бачIани, гьезул мисалалда хутIаралги рачIинин пикру бачIунха дир. «Мун гIадаллъунищ? Дир цониги актерасе щибниги ккантани, дунго дицаго чIваларищ?!» – ан виххахочана Соломин. Дица гьесие лъикIаб бицана, нуж рачIинчIони додигIан Дагъистаналъе хIажатаб фестивал лъугьунарилан, цIуна-къаялъе охранацин букIинабилин рагIи кьуна. Малый театралъ рагьулеб фестивалалда гIахьаллъизе лъицаха инкар гьабилеб?

Нахъисеб къоялъ рачIинилан киналго рукIаго, ХIажиевасул къотIноб тIобитIулеб спецоперация бихьизабуна киналго каналаздасан, нижер талихIкъосиналъе. Дихъе кIалъан вачIана живго Соломин: «Дуда бихьулеб бугищ лъугьунеб-толеб?! Кин дица гьал риччазе ругел?». «Гьеб мадугьалихъ къотIноблъидал бугеб, нижералда кинабго лъикI буго. КIиго боевик вукIана гIицIго, нуж рачIине рукIин лъан гьелги тIагIинаруна» – ян кьуна дица гьесие жаваб.

* * *

**– Щиб театралъул букIинеселда батизе бугеб?**

**– ЗахIматаб суал. Нижеца гIицIго нусго сонлъидал бараб, гьеб театралъе гIолохъанаб ригь буго. Хадусеб юбилеялде гIумру батани – бихьила.**

*Руслан Бакъидов*

# Зумрат...

– Алло, Жамиля, мун кий йигей? – ян ахIун бачIана Москваялдаса Зумратица, – юцIцIун чIун йиго гури, ватIаналде щвейгун!

– Нужедаса хIухьбахъи гьабулей йиго, гьале къаси Авартеатралде ине хIадурулей йиго, сонго рачIарал ахIункагъталги руго. Пайда щибха, нуж рукIарал анищ анир дида аскIор.

– Батани, рачIинаха нижги, – ян релъулаго кIалъана Зумратги, гьелдаго цадахъ Асиятги, цоцахъе трубкаги кьолаго. Махсаро-хочIалъул харбидаса хадуб бичIчIана, гьел унго-унгоги къаси маркIачIуда самолеталда МахIачхъалаялде щвезе рукIин. Гьеб букIана маргьа гIадинаб хабар. Зумрат киданиги Дагъистаналде щун йикIинчIо, дица чанцIулго цадахъ ячине хIал бихьаниги, гьей хIинкъадго ва пашманго унаан гьеб харбидаса.

Авартеатралде инеги щвечIого, гьезда дандчIвазе аэропорталде гIедегIарай дир пикраби роржана цIорораб хасалил къоялде...

КъватIиб берцинго балеб букIана хъат-хъат гIадаб гIазу, тIабигIаталъ ахIулел рукIана жиндир гьайбатлъи бихьизе... ХIалтIул къоги лъугIун, рокъое гIедегIарай дихъе, судиясул кабинеталде жание йоржун ячIана Зумрат.

Метералде жий нахъчIвайдал, хIеренаб каламалдалъун гьелъ гьарана жиндир мурад тIубайилан. ТIадеги жубана, жий цо пуланав чияс йитIанила, дагъистаналдасаги кколилан. Гьелъ дихъе кьурал документаздасан бичIчIулеб букIинчIо, щай Зумрат АхIмадовналъул фамилия Земцова бугебали. Гьеб суал дицаги кьечIо.

ТIабигIаталъул берцинлъиялъ хIайран гьарурал ниж, гьеб сордоялъ, къвархьиялда хъахIаб гIазуги мерхьунаго, тира-сверана Москваялъул къватIазда.

Хадурги гьелъул ишал тIуралаго ниж чанцIулго дандчIвазе ккана. Гьелъ цо къоялъ гьарана, жиндир гьаюраб къоги бугила, бегьиларищ мун жинца гьоболлъухъ ахIизеян...

Нижер ккана лъикIаб гьудуллъи. Зумрат ятана кутакалда ракI бацIцIадай, гIадан хирияй, намус-яхI борхатай гIадан. Гьей йикIана Москваялъул Пироговасул цIаралда бугеб хирургиялъул кафедраялъул профессор ва больницаялда хIалтIулей махщел камилай хирург. Дица тамашалъи гьабулаан гьелъул хIеренлъиги, хирургасул хIалтIиги киндай данде ккολебан.

Цо нухалъ хIалтIудасанго дихъе ячIарай Зумрат, къаси гьенийго хутIана. ЦIакъ махщалида нисдал цIурачадалги гьарун, дие хъулухъги жинцаго гьабуна гьелъ. Гьебщинаб заманаялъ дандчIвалел ругониги, дица Зумратие араб гIумруялъул суалал кьолароан ва гьелъул къисмат лъаларoан.

– Дир эмен магIарулав вуго, – ян байбихьана гьелъ, жинцаго гьарурал цIурачадалги кваналаго, – эбел йикIана полякай. Москваялда дандчIварал гьел цоцазеги рокьун, гьаюн йиго дун. Лъабго сон дица бараб мехалъ, эмен, нижги рачун, Дагъистаналде вахъун вуго. Цоцазе рухIгIан хириял эбел-эмен гьенир ратIа гьарун руго инсул гIагарлъиялъ. Кодоб лъимергун, шагьаралда чияр рокъое рехун дир эбелги тун, росулъ цоги чIужу ячун йиго гьез инсуе ва гьабуралда разилъун эменги чIун вуго.

Гьеб захIмалъарай эбелалъ гьарун буго ниж Москваялде нахъруссун ритIейилан. Гьес агъазго гьабун гьечIо ва нухда харжцин кьун гьечIо. Гьеб хIалихьалъи захIмалъарай эбел, Москваялде щвейгун, рекIелбакъваялъ бусаде ккун йиго. Ва тIокIаб гьелъул гьурамада гьи-

ми кунчIун гьечIо. КIиго сон иналде гьей гIумруялдаса ятIалъун йиго. Дида ратичIо я эбел, я эмен.

...Лъала эмен чIаго вукIин ва Дагъистаналда лъикIаб хъулухъалда ва ресалда вукIин... КигIанго гьевги гьес эбелалъе гьабураб къадараб ишги рихун букIаниги, дица гьесухъе кагъат хъвана, дирго бицун. Амма жаваб бачIана гьев некIого хванилан...

Къисматалъ гIемерай кIвекIарай дун, чанцIулго лъугьана, поездалда гъоркье кIанцIизе, метроялъуе. Дир букIинчIо щибниги дунялалда, я ракI гъезе, я йохизе жо. Лъимерлъи ана, я сахаб ретIел, я гIорцIизегIан квен щвечIого. Бокьараб анищлъун букIана, дунго лъикIаб ресалдаги йикIун, эмен диде ккезе, гьесда бихьизе, кинай яс жинца рехон тараяли. Дида бихьараб щинаб дунялалъул кьогIлъи бицине дир къуват гIеларо. Хасало тIад ретIине пальтони киса гурин, хинаб жакетцин щвечIей дир, школа лъугIана меседил медалалда. Амма гьеб баркун цо конфетацин дие кьолев чи вукIинчIо гьадигIан кIудияб дунялалда. Хадуб медицинаялъул институт. Аспирантура. Гьанже дир буго кинабго. Аллагьас дие маян кьуна анищан ккараб щинабги гIемерго тIокIабги, амма щай дие гьеб?! Къисматалъ бахъана дихъа кинабго – эбел, эмен, дир инсул ватIан – Дагъистан. Дида гьеб лъимерлъуда гIемер макьилъ бихьулаан. Цебе чIезабулаан аэропорталда самолеталдаса рештIуней дунги, гьайбатго, берцинаб, хъахIаб лимузиналда, хъахIал розабигун данде вачIунев эменги. Дун екерулаан гьесда данде, кIиябго квералъ гьев каранде къазе... Гьеб букIана маркьилъ. ЙорчIидал, магIил цIолаан берал...

Дие рухIгIан хирияб буго дида бихьичIеб Дагъистан, амма чIегIераб сордогIан рихараб буго, дун къваригIинчIеб, къватIие гъураб ватIан.

– Зумрат, хирияй, абуге щибго... Мун чара гьечIого ячIине ккола дунгун гьение... Кьоге кьогIаб къимат мугIрул улкаялъего, цо чиясул хIалихьалъи сабаблъун. Биччан те, гьев чIухIичIониги, Дагъистан чIухIизе жиндирго мустахIикъай ясалдаса. Щибав чиясе заманаялъ кьела къимат. Щивас къулчIила жиндирго гъалатIазул кьогIлъи. Мун ячIина дунгун ватIаналде, Зумрат, дуда бихьизе ккола гьелъул берцинлъи, лъазе ккола гьелъул гьалбалги хирияб, адаб-хъатирги бугел гIадамал, батизе ккола дурго гIагарлъи, хутIараб кинабго бараб букIина гьезул намусалда...

– Киданиги... Киданиги щвезе гьечIо дун гьение! РагIулищ... бицунге дие гьелъул, – ян ракIунтун гIодана Зумрат. Бихьулеб букIана, кигIан гьелъие рихун батаниги, дагьабги цIикIкIун бокьулебги букIин Дагъистан. ГIемераб бицана гьелъ жиндие ракIалде щвезего «бокьулареб» Дагъистаналъул. БичIчIизе захIмат букIинчIо гьелъул ватIаналде бугеб цин, гьенисан байбихьидал гьелъул талихI къараб лъимерлъи.

Хадусеб къоялъ Дагъистаналде йоржине йигей дунгун цадахъ ячIине мукIур гьайизе дида Зумрат кIвечIо. КъватIие лъугьунелъул, гьей дидаги хурхун, къварилъахъдана: «Мун хехго тIадюсса... Дие квеш букIуна Москваялда, мунги гьечIого...». Абизе жо батуларого хутIарай дица, гьелъул кверги ккун, хIеренго абуна: «Зумрат, хирияй, кIалъай дихъе, дун ячIиней йигилан. Дун аэропорталде дандчIвазе ячIина»...

Самолеталдаса гъоркье рещтIарай Зумрат, кIалъазе бачIунарого, рахърахъалде ялагьун хутIун йикIана. Гьениса рачIунагоги, киб бугеб ралъад, кир ругел мугIрулилан цIехолдилей йикIана гьей. Ниж жаниб рекIараб кIиябго машина лъалхъана ралъдал рагIалда абугеб коттеджалда цебе. Гьениб хIадурун букIана Зумратие дандчIвай. Гьелъул болъаби рукIана Зуматие рокьулел хъахIал розабаз цIун, гьелго розабаз гьелъул цIар хъван букIана ралъдал рагIалда салуда тIадги. Зумрат, дихъги ялагьун, гьимулаго гIодилей йикIана.

Пулеб букIана цIорораб гьури... Гьелчелел рукIана карачелал... Зумратида рагIулеб букIинчIо квач, рагIулеб букIинчIо нижеца бицунебги...гьей гIищкъу ккун

сверулей йикIана ралъдал рагIалда, цо кидаялиго билараб лъимерлъиги талихIги балагьулей йигей гIадин…

Хадусеб къоялъ нижеца сапар бухьана, Зумратил инсуца гIумру гьабулеб, аскIоб бугеб шагьаралде. Киназдаго лъалев, гIумруго кIудияб хъулухъалда арав, гьев валагьизе захIмат букIинчIо. Амма… огь, хирияв Аллагь!!! Дуца щибаб жо дурусго борцунеб куцха. АхIмад ватана больницаялда.

– Реанимациялда вуго, гьесухъе бегьуларо, – ян абуна нижеда кIалтIасанго. Зумрат, бетIерав тохтурасухъе ана. Гьей Москваялъул медицинаялъул профессор йикIин лъайдал, гьев живго вилълъана нижгун реанимациялде. ТIаде щвезегIан магIу къулчIулей, рахIат хун йикIарай Зумрат, эмен вихьигун, хIал бахчизе лъугьана ва гьесухъ балагьизе ячIарай тохтуралда релълъана.

БетIерав тохтурасдасан лъана гьесул захIматаб даражаялъул унти букIин ва лъималаз гьелде кколедухъ кIвар кьолеб гьечIеблъи… Зумратица рагьичIо гьесие жий гьесул яс йикIин ва Москваялдасан гьудулзабаз гьаранин гьесухъ балагьейилан абуна…

Метерги гьенире щвезе къотIиги гьабун, ниж тIадруссана. Зумратихъ ралагьидал бихьулеб букIана гьей киналдасаго тIаса лъугьине хIадурай йикIин ва гIицIго инсуе сахлъи гьелъул мурад букIин.

Гьей гIемер ургъана ва ахирги телефоналъ Москваялде, жийго хIалтIулеб больницаялде ахIана, метер пуланав унтарав къабул гьавизе хIадуреян ва гьезулгун дандбана жинцаго гьесие гьабизе бугебги.

Дагъистаналда жеги 3-4 къо базе ракIалда букIарай Зумрат, хехго эменги вачун, Москваялда аэропорталде данде жиндирго больницаялдаса хехаб кумекалъул машинаги ахIун, нижгун къо-мех лъикIги гьабун, самолеталде яхана.

«Ниж духъ ралагьун рукIина. ТIадюсса Москваялде хехго», – ян кIалъан ячIана Зумрат самолет рещтIиндал.

***Жамиля Пахрудинова***



# БукIунеб кепила мичIчIихинкIазул...

Риди тIаде ккараб, тIорахь гъоркье ккараб заман бачIун бугилан рукIуна нилъ. РукIинчIого щиб гьабилеб, гьавабакъгицин хисун бугеб мехалъ. Декабралда тIегьалел гъутIбиги, баккулеб мичIчIги бихьарабищ нужеда? Заман гуреб мехалъ баккунилан, мичIчI гIинго тIамичIого тезеги рекъон букIинаро. РачIа, тIаде щолеб ЦIияб сонги кIодо гьабун, лазатал мичIчIихинкIал гьаризе. Лъаларилан абуге! Лъица малъарабилан гьикъани, нужедаго лъанилан абе. ТIагIамал лъугьани, дунги кIочонге.

Бищун цебе, кверазда къучIбиги ххун, рос валагьизавизе ккола мичIчI бетIизе. Бокьилищха нилъее гьесул хIеренал кверазда мичIчI хIунчизе. Гьев вуссинегIан, берцинаб цебебухьги карандаса гIододе дализабун, цIеда хьагги лъун, цIамгун лъеда ролъги буцун, парахат вацапалда жаний йикIина мун. Росас нуцIа рагьарабго: «ЦIалкIу бугIун цIураб мичI, БацIцIад гьабун, чурана, ГIисин гьабун, буссана», – йилан, ахIулаго кечIгун, екерун гьесда цебе лъела расаги гIащтIиги. Росас кверал чурун рахъиналде, дурго кверазда хIунчилаередухъ, хъата-масан цIалкIинибеги ккезабун, лъеда гъоркь лъела мичIчI ва берцинаб гьимигун абила: «ХIурматияв, бетIерчIахъаяв, хирияв бетIергьанчи, нилъер хинкIал хехго хьагинireги хадурго чохьонireги ккезе рукIине, дица буцараб ролъ тIеренго гирила, дуца мичIчI бухе, гIиссинлъизегIан. ГIадада гурелъул нилъ данделъулеб мехалъ кIудиял чагIаз малъун букIараб, кIиго бетIерги ункъго кверги хIалтIани, кеп букIунилан».

Гьев хIалтIуде машгъуллъигун, дуца, тIатIул нахулъ гIисинго буссараб перги бежун, рикIкIун чвантинибе ккезабила анлъго хоно.

«Йооо, ГIаща-Хъатун, дица хIачанпурутI гьабуна гури дур аб мичIчIил», – илан росас абурабго, гурун къвалалгун, мун лъугьина, «хоно чIехьон, нах жубан» хинкIазда жаниб лъезе жо хIадуризе. Кодобе ражибухги кьун? росги валагьизавила билил рагъиде, бакъ щвараб къоги бугелъул, хинлъун вукIине.

КIалагъоркье чIвазабураб истаканалъ ролъул горалги къотIун, жаниб мичIчIги лъун, дуца руцIцIина хинкIал. Доооб заманалдаса нахъего ахIи-хIуралда бугеб хьагинибе цIанги бан, цо-цо ккун ккезарила мичIчIихинкIал. АхIулаго добго мичIчIихинкIазул кечIгун, росасда сверун лъабго свери бахъун бахъарабго, кIудияб хинкIбахъги босун, анцIила ичI-ичI ккун рахъила хинкIал хIанччинире.



ХIохьлачинаго, кьонкьочал гIадинал хинкIал цере лъуралго, кинал лъугьун ругелали бихьизе цо лъабго хинкIги дурго кIалдибе борчIизабун, ахIила киналго кванaзе. «Квинаро дица хинкIал, ХIанчIола мичIчI кидаго», – йилан цо-цо махIалде квер бегьулел чагIиги рукIине бегьула. Кваналарел чагIиха нижееги къваригIун рукIаралилан, гьел хехго суратал рахъизе тIаме, вацапалдасан киналго къокъабазде реххизе рукIине. ЦIекIлъизарун гьурмалгун, ЦIияб соналъул оливьеялде тIаде къулун ругел чагIаздаги лъазе биччан те, цо-цоязул рокъоб букIунеб кеп.

Баркат лъеги! Рохел тIаса унгеги! Хасго ЦIияб соналъ...

***Баху МухIидинова***



# ЦIияб соналъ – цIияб гIадат!

*Кинидахъ ахIараб*
*кечI – магIарул мацI,*
*МоцIрохъе бицараб*
*маргъу – рахьдал мацI.*
*Т. Зургъалова*

РачIа, ясал, нилъ, тIубанго кIочон телалде, унго-унгоял магIарулал ракIалде щвезаризе. Унго-унгояб магIарул мацI бицунелха. Щиб лъалеб, гьелги берцин рихьун, гьединаллъун рукIинилан цогидалги лъугьине бегьулелъул...

Дидани дунго гIолохъанчIужуйилан ккола. Амма гьаб дир гIолохъанаб гIумруялда жанибцин магIарул мацI хисараб куцха. Шагьаралда ругел «аварец» – илан гурони абизе лъаларел магIарулазул гуро бицунеб бугеб. МагIарул росабалъ ругел магIарулазцин гьанже гIурусалъ бицуна магIарул мацI.

Гьале гьадин:

***– Йо, Лиана, рокъо йигищ?***

***– Йиго вала, заходи.***

***– Дур варотабиги рагьун ратун, яккулей йикIана жание. Васги вугоан дур дворалъув играца гьавулев.***

***– Садикалдаса вачIаравго, мама, я играца пайдуйилан, цо минуталъ рокъов чIоларо эв, Саседазул лъималгун играца гьавулев вукIуна пака я не пазаву.***

***– Руслан рейсалдаса вуссинчIищ? Дие памидоразул ящик купийилан цо тысяча рублей къун букIана эсухъе, сдачаялъухъ крышкабигиха... Не забыл интересна? На зиму хIадурараб жого гьечIо...***

Гьале гьанже гьаб чIанда хабар халалъизабизе бегьула, долго рищиязул, политикаялъул, бихьараб сериалалъул, базаралда кинабго жо хиралъиялъул, ГIунайзатил бирллиантазул, гIолареб гIарацалъул, лъималазе босичIого чара гьечIеб, амма кутакалда хирияб айфоналъул, МухIумица хIакимлъуде ккедал приора хисун босараб мерседесалъул, ХIамидица тIохда ккураб хирияб маххалъул ва гьеб гуреб цойгидабги гIемераб жо бицун. Гьабго, магIарул лъалареб, гIурус лъалареб, мацIалъ.

ГьитIинаб къоялдаса нахъего, ошкол лъугIизегIанги, дун гIемерисеб мехалъ дахIададада, дахIабабада ва дадабабада аскIой йикIунаан.

Доб заманалъул гIадамал рукIана цIакъ кIал пасихIал, пагьму бугел, кутакалда гIенеккизе бокьиледухъ мацI бицунел чагIи. Дица кидаго гIажаиблъи гьабулаан, гьезда лъалел щинал кучIдулилан. Бокьараб рагIиялда, чиясда яги ахIвал-хIалалда данде кколеб я кици, я бицен, я кочIол мухъал рукIунаан гьезул кIалалда рухьун. ДахIададал, щив жанив вачIаниги, гьесде данде кколел кочIол мухъал

ратулаан хIадурун. Халкъияб кIалзул гьунар гьезда рекIехъе лъалаан. Нилъеда лъалароха. Нилъеда лъала «Алисада» лъалареб жо цIехезе, цо кибалиго килщалги тункун «окейгугал» – илан ахIдезе. Амма, магIарул халкъияб кIалзул гьунар, кинабго лъалел, гьездагицин лъаларо.

РачIа гIенеккизе 30-40 соналъ цебе росабалъ бицунеб букIараб магIарул мацIалъухъ ва дандекквезе гьанже нилъ ругьунаб, гьадаб тIадехун дица бицараб мацIгун.

* * *

***– Йооо, Хадижат, гьардарай-дахIалайха мун, гьедин берцинго нижер Къебедица хьихьун йигей... ЦIорол ясикIойилан ккола, гордухъан яккарайго,*** - илан жание лъугьун ячIуна ХIалимат.

***– Ихдал къибил куней къегIер гIадай дун,***
***Эбелги гIедегIун, гIадада хвана... Досдаса анцIила щуго сональниги йитIинай йигоха, ХIалимат, дун. Валлагь лъикIавги вуго, Аллагьас гIумру халатав ватагийин*** *– илан чIухIиги, рокьиги, хIеренлъиги жубараб гьимигун гогьдаризе лъугьуна Хадижат.*

***– Гьадаб тIингъида къвалал ралеб куц бихьизабизе вачIинилан вукIанаха эв... кIочонищ тарабали – ян, пашманал бераз Хадижатихъги ялагьун,*** *жиндирго мурад бицуна ХIалиматица.*

***– Гьаб дуниялалда цIа рекIаниги***
***ЦIунизе кIоларо кIалзул рагIаби.***
***Чармил хвалчабазул сур пунаниги***
***ХIехьезе кIоларо хIасратаб рокьи....))) ЯчIун йигищ, ХIалимат, щиб бугеб свак-захIмат? Хур бекьарабищ, бокь бахъарабищ? БитIараб бугоха, хасалоялде тIимугъ ихдалго къачIазе ккола,*** *– илан, магжида квералги рахъулаго, нахъа рокъоса къватIиве вачIуна Къебед*

***– ХъахIилаб зодихъе моцIги холелъул,***
***Хваниги кIваричIо бицараб рагIи, Къебед. Гьаб росдал жамагIаталъул дуда цIехечIого гьабулеб жоги букIунарелъул, регIун ватулаpевлъиги лъала, амма, рес гьечIоха гьадав дир ГIалихIма исана хасалоги тIимугъги гьечIого квачан хвезе, –*** *йиланги абун, хехго хабар батIияб свеpуде бачуна ХIалиматица,* ***– Гьа, бицеха, Къебед... магIарде ун вукIаравищ?...***

***– Борхатаб магIарде багIар гIечул гьветI,***
***Гьебги гьунеб буго дир гьаримлъиялъ.***
***Гъваридаб кIкIалахъе зам-замалъул лъим,***
***Гьебги къунеб буго дир къварильиялъ – иланищ йигеяли, ХIалимат?... Валлагь вукIанаха, магIардеги щвана, гIалахги сверана...***
***МугIрул руго гIодилел***
***Жал гIазул цIун ругилан,***
***ГIазу биун тIегь бала,***
***ТIубала нилъер мурад.***
***Вуссанаха дирго гIамиркIо Хадижатихъе. Киве аниги, гIажаибго рокъове цIала ракIалъ.***

***Авлахъалда тIегь буго,***
***КIвеладай дида тIезе?***
***Росулъ меседо йиго,***
***Вокьиладай дун гьелъий?*** *– илан, жиндирго рекIелъ бугеб рохалилаб асар бахчизейилан-го лъугьунев вукIунаро Къебед.*

***– ЩибгIагиха босараб гьай дур гIамиркIо Хадижатие сайгъаталъе?***

***– Дие катан босе, Камалил Башир,***
***Сверун жалал ккураб, жаниб цIар хъвараб.***
***Чарчараб кIаз босе, дуй нух битIаяв,***
***Расен меседилаб, хьухьи гIарцулаб.***
***ЧохтIуй хара босе, хъергъудул берал,***
***Нахъ балагъарай дун кIочон течIого*** *– йилан, ячIун Хадижатица, рухIилаго цIурачадазул си цебе лъола ва рилълъиналдалъунгицин загьир гьабулеб букIуна жиндирго рекIел хIал.*

***– Дуй чилай босила – чед бежун ячIа,***
***Чилайдул кIаз босла – нух битIун ячIа*** *– илан, Хадижатие гьимизеги гьимун, Къебедица ХIалиматида аскIобе хъурщизабула бакI ва:* ***– доб нилъер гагадул урбаги босеха, Хадижат, цебе,*** *- йилан ахIула, жаниехун арай лъадуде.*

***– Щиб, ХIалимат, гьаб нижер накъиталъ кепго кьолеб гIадин гьечIо гури дуе... Щай къваридго йигей?***

***– Дир ракI бакъванилан гIайиб батани,***
***ГIенекке, дир гьудул, дица бицинин.***
***Дуего бокьилищ, дир гIамал берцин,***
***Дуца кьолораб чу чидад рекIине?... РекIеда гьури бан чан къоялъ тарай дун ГIалихIмаца... Щиб эс гьабуниги, гьесда гьури хъвазеги бокьуларо дие. Гьале гьанжеги кидаялиго бачIине бугеб хасало ГIалихIма квачалин хIинкъун, гьесул тIингъил тIалабалда йикIана къватIие яхъун. ЦIодорайилан дида лъицаха абилеб...***

***– Гьанжеги добго гизмаялдейищ жуварав ав нилъер лачен? ТIингъил къвалалали кин рукъаниги рекъела гьесда, амма бетIер битIун ккезабичIого рес гьечIоха.***

***– Гъоркьгоги гьалдолеб гьинал рекIеде,***
***Гьалун загьру тIуна талихI къадица.***
***Жибгоги цIадулаб цIилал каралда***
***Нартил цIа бакана, къагиха талихI*** *– илан шалил кIалалъ магIу бацIцIуна ХIалиматица*
*ГьебсагIат тIаде лъугьун вачIуна ГIалихIма, гIумру халатав жогIаги ватила чехьчурад.*

***– Ассалам гIалайкум, Къебед... Квешаб хIал бихьуларо нужер... ХIалчIахъаяй, Хадижат, цIурачадалги руго жиндаго релълъарал...***

***– Ва гIалайкум салам, саламатав чанахъан, вачIая, гIодов чIая...***

***– БагIар чараб чу рекIун***
***Чанавеги дун инчIин,***
***Чанахъанилан абун***
***Толаро дун гIадамаз.***
***Чергесаб ретIел ретIун***
***КъватIахъги дун свердичIин,***
***Къвалакьа чергесилан***
***Толаро руччабаца –*** *илан сихIирго гьимула ГIалихIма.*

***– Дур чанахъдиялъул гьанже цIар анин,***
***ЦIавуцIцIахъдичIого кваназе жувай*** *– илан, Къебедица урбадул щурун цебегIан хъурщула.*
***– Гьа, мацI лъаларев цIогьор хваги,***

***ЦIар лъаларев тушман хваги..., гьадин гIодой йикIун йикIине дир заманищ бугеб, дун яхъина. Дуда абизе жо бугилан вукIанаха, ГIалихIма, Къебед. Нужеца гьанже гIодоре риччан хабар бице** – илан ХIалимат тIаде яхъуна.*

***– Дунги йильина дуда цадахъ иццухъе лъел цIезе** – илан гIеретIил къвал балагьизе Хадижатги лъугьуна.*

***– Валлагьги, Хадижат, кутакалда тIагIамал рукIана цIурачадал...**  
**Кванарав кьаралъаги,**  
**Кьурав бечелъаги.**  
**Гьадинал кIатIахIал**  
**КIалдиса камугеги,**  
**КIудиял рагIал**  
**Нахъаса камугеги.**  
**ГIодоб чIабар чIагIдал цIеги,**  
**ЧIалу-рихьи гьанал цIеги,**  
**Мохмохил тIаргъал лъеги,**  
**ТIатIул гордал ретIаги** – йилан, Хадижатил гIеретIги гъажилда бан, ХIалимат ва, гьелдаго хадуй, Хадижат къватIире лъугьуна.*

*Хъата-масан цIурачадил мочIуги кIалдиб къазабун, щиб бицинехъин Къебед вугевали гьаналъ бицараб гIадин, дозда хадувго векерун ГIалихIмаги уна.*  
*Гьаб щиб рагьа-рачарияли бичIчIуларого, валагьун хутIарав Къебедиде, къетIасанги ваккун, ГIалихIмаца ахIула:*  
***– Берцинал ясазул цIад баги,**  
**ЦIурахинкIазул гIор щваги** – илан.*

* * *

Кинаб мацIха, ясал, нужее бокьараб? Гьанже магIарул мацI лъалилан абулел чагIаз бицунеб, тIадехун букIарабищ, яги Къебедил рокъоб бицарабищ?

Нилъер гIадат буго цо кинаб букIаниги иш итни къоялдасан яги ЦIияб соналдасан байбихьулеб. Гьале тIаде щолеб буго, жиб баракатгун, рахIматгун, лъикIал харбалгун, ракълилаб зобгун бачIунеб батаяб ЦIияб 2025 сон! Нилъеда, руччабазда бараб жоги гIемер бугелъул, рачIа, ясал, нилъерго рокъоб магIарул мацI бицунеб гIадат билълъанхъизабизе. Нилъее бокьани, лъималали щай гурин, росгицин кIола нилъеда авар мацIалда кIалъазавизе. РачIа хIалбихьизе!

***Баху МухIидинова***





# Гьандихъа Сайгит

***Шамил районалъул Гьандихъ росулъа Сайгит вуго магIарул мацIги бокьулев, магIарул ракьги бокьулев, рокьул ракIги цIурав, пасихIаб рагIиги, гIакъилаб каламги кIалалда бухьун букIунев, унго-унгояв магIарулав. Нилъее киназего рокьулел, гIемерал Дакуцаги Манарщацаги ахIарал, кучIдузул автор ХIажи Гъазимирзаевасулго гIадин, Сайгитилги гIумру гIияда нахъа ун буго. ГIухьбузул поэзия цIакъго пасихIаб, гIадамазул рекIелъе бортулеб букIунелъул, гьесул кучIдулги гъираялда цIалула ва ахIула кочIохъабаз. «МагIарулай» журналалъул коллективалъ Гьандихъа Сайгитие гьарулеб буго щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва бахъулеб буго чанго гьесул кечI.***

*ХIажи Гъазимирзаевасул хабаде щведал*

Дур дегIен галараб Гебергалабаль
ГанчIал руго гьанже, гIиял бакIалда,
Дур гороч билараб Бекьиль магIарда
ГIиял гъади гьечIо, гъулдул гурони.

Дуца гIи бачараб Гендерил парсахъ
ПиштIи дагьльун буго удаманазул,
Дуца гьан бельараб Гумали почихъ
Чода тIукъби чIвалев малачи гьечIо.

ЯчIунге Валета Гуржи магIарде,
Гьенир постал ругин, солдатал чIарал,
ЯчIаниги щоге чадир чIвалельуй,
ЧIобогояб майдан батилин дуда.

Гьазул квас босулел базаби гьечIо,
Кинабго къватIиса бачIунеб буго,
Квасул кун дургъулел пабрикал къана,
Халкъ хIалтIи гьечIого, мискинго буго.

Гьаниб мода буго, ярагъгун рачIун,
Бергьараца къурал хIакъир гьарулеб,
Гьаз, пачалихъальул гIарацги бикъун,
Жидеего хъулби руго эхетун.

Гъазимирзал ХIажи, гIухьбузул поэт,
Хехго вахъунилан гIайиб гьабуге ,
Цо хутIараб рехъен цIогьабаз ани,
Рогьо букIинарищ удаманасе.

* * *

Хунзахъ ТIалъиялде тIадеги вахун,
ТIамилищ цо бакъан, ракI паналъулеб,
ЩIигьулдерил магъилъ гIодовги вукIун,
АхIилищ, Расул, кечI, мун ракIалде щун.

Дур кучIдуца гурищ гьаб магIаруллъи
ТIолго дунялалда рагIизабураб,
Дур гьаракьалъ гурищ дуниялалде
Дунги Дагъистанги ругин ахIараб!

Дуца гурищ, Расул, васият тараб
МагIарул халкъалъе, хадур гIолезе,
Нилъер мацI гьечIони, нилъ гьечIин абун,
ЩIуне, магIарулал, магIарул мацIан.

Дур гаргар къотIарал, къалам бекарал
Къоял рачIун ругин, щибха гьабилеб?
Мун гьавураб рукъги, дур инсул цIарги
ХутIила гIасрабаз магIарулазе.

*КочIохъаналде*

Дур кучIдул рокьулезул
Кьерда чIун дунги вугин,
Кьеги, Аллагь, дуй гIумру,
ГIадамал рухIдалльулеб.
Дуй къимат кьун, кечI хъвазе
РагIаби ратуларин,
Таги, Аллагь, мун йохун,
Халатаб гIумруги кьун.

Чи какун кечI ахIичIей,
Дин гьабун свакаларей,
Черх цебе лъун кидалго
КочIол рагIи абичIей,
Чидар гIадатги босун,
МагIарул шал бахъичIей,
МагIарул яхIги махIги
ГIодой рехун хьвадичIей,
Гьей йиго мугIрузул яс,
Гьей йиго Лъебел Муи.
Киназдаго гIадинан,
Гьалда мунагь батани,
ЦIоб гIатIидав Аллагьас,
ИншаАллагь, чурила.

* * *

ГIурччинал чIумал ругей,
ЧIегIерал берал ругей,
Эбел-инсуй хирияй,
Халкъаль хIурмат гьабулей.
БетIералда шал чIвалей,
Черх цебе лъун хьвадичIей,
Дун йиго магIарулай,
Дун йиго мугIрузул яс!

Аллагьас тIад лъураб как
Камилго тIобитIулей,
ТIарикъаталъул нух ккун,
Накабазда йикIуней,
Жиндие бокьулареб
Чидае гьабуларей,
Дун йиго магIарулай,
Дун йиго мугIрузул яс!

Аллагьас кьурал къоял
ГIадада риччаларей,
Росдалго хIурмат бугей,
Мадугьаллъи бохарай,
Херазул хIурмат гьабун,
ТIаде-гъоркъе яккулей,
Дун йиго магIарулай,
Дун йиго мугIрузул яс!

Къуръаналъул аятал
Жинда рекIехъе льалей,
Радалгин бакъанида,
ЦIалун, хваразе кьолей,
Мискин-пакъирзабазе
Садакъа гIемер кьолей,
Дун йиго магIарулай,
Дун йиго Гьандихъа яс!

Гьаб дир мисалги босун
Хьваде нуж, гIолел яццал,
ЦIадул гIазабалдаса
ЦIунила нуж Аллагьас.

* * *

Рогьалил цIваялда цIар
Загьраъ илан льун бугин,
Дур берцинаб цIар лъезе
Щиб цIвадай зодоб бугеб?
Ханил гIабулалъусан
Зам-зам льиндай дуй кьураб,
ГьедигIан магIарул мацI
бацIцIад гьабун бицине?
МугIрул тIогьиб ахIдолеб
Шодродисезул гIанса,
Халкъул гIалам бохула
Мун росулъе ячIиндал.
Рохь-щобазде боржунеб
КIал пасихIаб милъирщо,
Дур гьеб меседил гIеретI
Зам-зам лъималъул цIеги.

### *ТӀавус хIажиялде*

Ибрагьимил макъам, ИсмагIилил лол,
Бихьун гIорцIулареб ХIажарул асвад,
Гьезда убач гьабун, тIадаб парз тIубан,
ТIадюссун ячIарай ТIавус хIажияй.

БайтулмагIмуральул ахада чIедал
Аллагьан ахIичIищ нусабго саналъ,
ХIабибасул росулъ сардалги рорчIун,
Суждаялда чIарай лъебелазул яс.

КагIбаялда сверун тIавапги гьабун,
Зодое ялагьун гьари щиб бараб?
Тату хварал кверал зодойги ритIун,
МагIил гIорал тIурай, мугIрузул гIанса.

ХIурмат тIадегIанай ТIавус хIажияй,
Дур нухдасан аги киналго ясал,
Мун тIасан унельул доб ситатIальул
Шагьра льугьагиян гьарула дица.

## Дурея Зиядова



# «Кидаго лъалаан юристлъун яхъунейлъи!»

***Дурея Зиядиновна Зиядова – юридикиял гIелмабазул доктор, ДГУялъул уголовнияб ихтиярапъул ва криминологиялъул кафедраялъул профессор, университеталъул криминалиялгун ихтияразул Лабораториялъул нухмалъулей, Россиялъул криминологияб ассоциациялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул председатель. Гъелъул педагогикияб стаж буго зосон.***

***– Дурея Зиядиновна, дурго хIакъалъулъ бице: кий гьаюрай, кинаб хъизаналда, щиб тарбия щвараб?***

– Дир талихI ккана Магъарамкент районалъул берцинаб Къуйсун росулъ гьаюн яти. Эбел-эмен рукIинчIо юридикияб хъулухъ-ишалъул чагIи. Эбел – Ханум-Султан, рукъги данде бачун, лъималазе тарбияги кьун, рокъой йикIана, эмен – Зиядин – райцентралда мебель бичулеб тукадул бетIер вукIана. Гьез бижизабуна дир рекIелъ цIалиялде рокьи, квербакъана дир анищ гIумруялде бахъинабизеги.

***– Мун кIудияб хъизаналдайищ гIурай?***

– Дун ккола щуго лъимералда гьоркьой бищун гьитIинай. Дир яцал-вацал рахъана мугIалимзабилъун ва товароведаллъун. Дун 1989 соналда бигьаго лъугьана пединститутальул къватIисел мацIазул факультеталде ва гьеб тIокIлъигун лъугIизабуна. Амма дие гьеб махщел къабуллъичIо, школалалда лъикI цIаланиги. Дие цIикIкIун бокьулаан адабият, тарихалъул дарс, бокьулааан сочинениял хъвазе. Лъазаруна паранг, немец ва, доб мехалда машгьураб букIараб, эсперанто мацIал.

– Циндаго юристлъун яхъун бажаричIелъул, кIиабилеб курсалда дица дидаго цебе лъуна батIияб мурад – аспирантураялдеги лъугьун профессорлъун яхъине. Дие кидаго кинабго дагь букIунаан: цо мурадалде щведал, дица байбихьулаан цIияб лъаялда хадуй лъугьине. Лъугьана аспирантураялде, хъвана кандидатасул диссертация. Ахиралдаги лъугьана ДГУялъул юридикияб факультеталде, 1997 соналъ лъугIана гьебги.

***– Щай юристлъун яхъине бокьараб? Сунца асар гьабураб гьеб махщел тIаса бищиялъе?***

– ЗахIмалъаби къезаризе бокьулаан дие кидаго. Бищун кIудияб конкурс юри-



дикияб факультеталде букIин лъарабго, гъира бачIана дирго хIалбихьизе. Диего бокьараб гIумруялда щвеялъе гIоло свак тун цIализе ва хIалтIизе ккеялъул бичIчIи дие гьитIинаб мехалъго щун букIана. Дир гIумруялъул аслуго буго ритIухълъи цIуни. Кидаго берцин рихьулаан рагъулаб, я милициялъулаб форма ретIарал, судиясул мантия тIад бугел руччаби. Киналго гьитIинал ясаз школа ялъуни больница хIалелъул, дица гьелги ракIарун хIалаан суд. Дун кидаго йикIана диванчIужулъун. Нижеца гьоркьоб лъолаан гьудулзабазул квешаб хьвада-чIвади ва дица хIукму къотIулаан. Цо гъалмагъарчи гьоров жанивгицин тIамун вукIана рукIкIинегIан. Гьеб «туснахъалда» тIами букIана, нижер лъималазулаб бичIчIиялда рекъон, досие гьабураб тамихI, – илан елъана Дурея.

***– Бице дурго студенталъулаб гIумруялъул ва хадубккун аспирантураялда цIалиялъул хIакъалъулъ.***

– Дун чIухIарай йиго республикаялъул кIиябго лъикIаб вуз цIалун лъугIиялдаса. Кидаго кIочон теларо, кодоб зачеткаги студенталъул билетги ккун, ДГПУялъул аслияб корпусалде жание лъугьарабги, хадуб, гьабсагIат дунго хIалтIилей йигеб, ДГУялъул юрфакалда цIаларабги заман. Бищунго ракIалда чIана нижер преподавателазул лекциял, гьезулгун ракI рагьарал гара-чIвариял, экзаменал ва зачетал, хасго гьезде хIадурлъи. Нижер букIана кутакалда къуватаб, лъикIаб курс.

ДГПУ лъугIун хадуб дун учительлъун гIагараб районалдаги хIалтIана. Хадуб тIадюссана МахIачхъалаялде ва 1992 соналъ тIокIлъигун лъугIана ДГПуял-

да школалъул психологазул тIадегIанал курсал. 1992-1995 соназ цIалана ДГУялъул педагогикаялъул ва психологиялъул кафедраялъул аспирантураялда. Гьелдаса хадуб педагогикаялъул ва психологиялъул кафедраялда хIалтIизе лъугьана преподавательлъун.

***– Мун кIиго аспирантураялда цIалун йигоха! Сундул хIакъалъулъ рукIарал дур кандидатасул, хадуб докторасул диссертациял?***

– КIиялдаго цIаланиги, кандидатасул диссертация цIунилалде дица рехун тезе ккана тIоцебесеб аспирантура. Гьедин хъван букIун буго. Киса-кирго рукIунарищха гъоркьан чваххиялги харбалги... ГIелмияб хIалтIи дица тIобитIана цойги аспирантураялда ва юридикиял гIелмабазул кандидатасул цIар дие кьуна Кубаналъул Пачалихъияб университеталъул диссертациялъулаб советалъ. Диссертациялъул тема букIана «Базаралъулаб экономикаялъул шартIазда школлъималазда гьоркьоб такъсирчилъи дагь гьабиялъул масъалаби (Дагъистан республикаялъул материалаздасан)» – ян. Диде щвезегIан гьеб суал лъицаго борхун букIинчIо, амма масъала жибго букIана. Дун йикIана ДГУялъул Диссертациялъулаб советалъул секретарьлъунги, гIолохъанал гIалимзабазул макъалабазул жавабияй редакторлъунги. Дир гIелмияб нухмалъиялда гъоркь, юридикиял гIелмабазул кандидатлъиялде хIадурана лъебергогIан аспирант.

Гьелда гIелму лъазабиялъул нухда дун чIечIо ва хадусеб диссертация, юридикиял гIелмабазул докторлъиялъе дица цIунана М. В. Ломоносовасул цIаралда бугеб Москваялъул Пачалихъияб университеталда. Лъабго соналдасан яхъана уголовнияб ихтияралъул ва криминологиялъул кафедраялъул профессорлъун.

***– Гара-чIвариялде хIадурулаго, дица цIалана дур хъулухъалъулаб сияхI. Мун кколей йиго 200-ялдасги гIелмияб хIалтIул автор, «Красноярьялъул гIелму», «Социалиялгун политикиял гIелмаби» журналазул редколлегиялъул гIахьалчIужу, «Регионалиял криминологиялъул цIех-рехал» журналалъул бетIерай редактор. Балугълъуде рахинчIезда гьоркьоб такъсирчилъи тIибитIиялъул суалал рорхарал макъалабазул къадаральги асар гьабичIого хутIичIо. ГIицIго академикасул цIар щвезе хутIун буго дуе. РакI парахалъиги чIухIиги бугищ анищ гьабунщинаб щвеялдаса? ГIицIго хIалтIуегун цIалуе кьунин дуца гIумругоян кколеб буго...***

– Дун дидасаго рази йиго ва, узухъда, рачIуна гIелмабазул Академиялде лъугьиналъул пикрабиги. ГIелмиял цIаралги, хъулухъалги, пишацоязул ва студентазул адабалъулаб бербалагьиги гуреб, дир буго саламатаб дунго бетIергьанаб рукъги. БитIунккун гьечIищха?! Амма гьанжеги дий цо жо гIолеб букIинчIо. Рокъосездаги дидагоги бичIчIулеб букIана, тIубанго талихIайлъун йикIине ккани, рос-рукъалдеги ун, чIужугIаданалъул аслияб борч – эбеллъун яхъине кколеблъи. Дун росасе ана экономист, предприниматель ГIумар Мамаевасе. Нижер буго интернационалияб ригьин: гьев вуго тумав, дун – лезгияй. Нижер вуго вас МухIамадшапи. Анищ буго гьесулги юрист вахъинилан.

***– Преподаватель хIисабалда, рукIинесел юристазе щиб малъа-хъвай дуца гьабилеб?***

– Информационияб тенологиял церетIураб заман бугониги, кIочон тезе бегьуларо байбихьуда букIараб, аслияб гIелмуялъул кьучI. Гьеб лъаялъ кумек гьабула киналдего нилъерго хасаб бербалагьи гIуцIизе.

***– Россиялъул криминологияб ассоциациялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул председатель хIисабалда, бице гьелъул кIваралъулги.***

– Нижер ассоциация кколаро гIицIго жамгIияб гIуцIи, гьелъ цолъизарула кIвар бугел хъулухъазул гIадамал ва лъикIлъизабула улкаялдаго бугеб ихтияразулаб гьава-бакъ.

*Виолетта Ратенкова*



# Дун... Марьям Хъазиева...

***Аллагьасул хъвайлъун рикIкIунеб буго гьалъ жиндир гIумруялъул нухда лъугьунебщинаб. Жиндирго хIакъалъулъ бицунагоги, цоцазда релълъарал гIумрудул лъугьа-бахъинал тохлъукьего ккараллъун гурел, хIалбихьи щвезелъун, дуниял лъазелъун лъугьараллъун рикIкIунеб буго...***

*ГIажаибаб дуниял...*

– Гьадин хъван батана къисматалъ, – ан бицунеб буго табасараназул кочIолаб брендлъун жиндир цIар рикIкIуней Марьям Хъазиевалъ. Киназдаго бичIчIулеб эстрадаялъул кочIол гуребха, ракI соро-забулеб, кутакаб асар гьабулеб халкъияб ва авторасулаб кочIол буго гьаниб бицунеб.

Марьямида гIемер ракIалде щола жийго жаний гIураб Табасаран районалъул Фурдагъ росу, гьелъул гIажаибаб тIабигIат, керчал рохьал, гIурччинал расалъаби. Гьеб берцинлъиялда гIурал росуцоялги рукIана ракIгIатIидал гIадамал. Унго-унгояй табасараналъго гIадин, гьалъги гьитIинаб къоялдаса нахъе рессулаан халичаби.

Марьям гIуна щуго вас ва щуго яс ругеб, кIудияб хъизамалда. Эбел ХIава-ханумил хIалтIи гIунги тIасан борчIараб букIун батиларищха. Яцазда гьоркьой цIикIкIарай Марьямица щуго сон базегIан мацI бицинчIо, гIадамаз гьей мацI лъаларей ятилиланцин абулеб букIана. КIалъазеги Марьям кочIодалъун кIалъана.

Кида вокалияб гьунар загьирлъарабилан гьикъана дица гьелда.

– Школалда цIалулаго. Амма байбихьуда дие квал-квал гьабулеб букIана нечеялъ, нижеца кучIдул ахIулаан кIи-кIи рекъон, амма дихъа гьедин лъугьунароан. Дицаго ахIизе ихтияр гьарана дица учителасда. «ГьанжелъагIан кий мун йикIарай?» – ян тамашалъана гьев, дица кечI ахIун бахъарабго.

Дица кечI ахIулааан кибго: школалда, росдал культураялъул рокъоб, районалда.

ГIагаразе бокьун букIана Марьям мугIалимлъун яхъине. Амма хъизаналъулаб советалда эмен Зайнутдиница хIукму къотIана: «Дуца кечI ахIизе ккола!» – ян. Гьес жинцагоги хъвалаан чагъур, лъидасаго лъикI лъалаан гIагараб Табасараналъул тарих. Рокъор кидаго камулароан гьалбал ва кечI-бакъаналъул сас.

– Дун инсуда релълъарай лъугьун ятилаха, – ян гьимана Марьям, – дир ракIалъ кидаго кечI ахIулеб батана. Гьелда жиндагоги бичIчIулеб букIана халкъияб кечI гIадамазухъе кьезе жиндирго бугеб гъира, амма лъалеб букIинчIо гьеб нухлул захIмалъиялъул.

– Дун «кантIун» ячIине бегьулаан бокьараб мехалъ: къаси, радакье. Дида доб мехалдаго бичIчIулеб букIана цогиязулалда релълъинчIеб, цохIо диего хасаб репертуар букIине кколеблъи. БичIчIулаан дирго халкъалъул бечедаб творчествоялде, гьелъул цебеселде ва гьанжеселде бугеб дирго бербалагьи бихьизабизе кколеблъиги.



*Халкъияб кечI - сундулго къучI...*

– Дун гIемер хьвадула гастролалгун. Халкъияб кечI балагьулаго, дандчIвала некIсиял кучIдул лъалел ва ракIалда ругел гIадамалгун. Гьанжесел авторазда гьоркьов вуго дирго вац Надирбегги. Гьес хъвала дир кучIдузе бакънал.Композиторазда гьоркьоб хасаб къимат кьола фольклор бакIариялде кIвар кьолев Къасум МухIамадовасе. Э.ГIашурбековалъул, ГI. ГIалимурадовасул ва цо-цо гьунар бугел гIолохъанал авторазулги кучIдул ахIизе бокьула дие.

Марьямида ракIалде щолеб буго, байбихьуда жиндиего рокьул лирика бокьулеб букIараблъи. Профессионалияб махщел цIубалаго, рокьизе байбихьана пикру, тавбу гьабизе тIамулел, насихIатиял, ватIан бокьиялъул кучIдул.Гьез жанисеб къуват кьун, лъикIлъиялде, тIаса лъугьиналде, ракьалда бугебщинаб лъикIалде рокьи бижизабулин рикIкIунеб буго кочIохъаналъ.

Гьикъана бищун баркала кIудияв балагьарав кинав кколеван. Марьям лъикI ургъана:

– Поэт,композитор ва кечI ахIулев кин кочIолъ цолъун ругебали пикру гьабизе лъалев,ракI тIеренав чи ккола бищунго баркала кIудияв. Гьединал гIадамал рихьидал, бичIчIула дир захIмат гIадада ккечIолъи.

КочIохъаналъухъ гIенеккизе рачIуна батIи-батIиял гIадамал: гIолохъаналги, гьоркьохъеб гIелги, цIикIкIаралги. Марьямица хIаракат бахъула щивасул рекIелъе нух бахъизе ва концерталдаса дунялалдего, гIадамаздего рокьигун, хинаб асаргун нахъе уна гьей кидаго.

Гьелдаго цадахъ Марьям мукIурлъулей йиго залгун хIалтIизе бигьаго букIунгутIиялъе. Жанисеб намусалъ гьезие лъикI хIухьбахъизе квал-квал гьабиялъ, гьел «риинаризе» захIмалъулеб буго.

*Творчествоялда гIорхъичIвай букIунаро ...*

КочIохъан йихьизе бегьула, «такрарлъи гьечIей, хирияй Марьямихъ» гъираялда гIадамал балагьун чIун рукIунел, бищун рикIкIадал росабалъ. Кие жий щваниги, гьелъ гIуцIцIула творчествалъулаб ахIвал-хIал. ТIолгороссиялъулаб «Голос дети» конкурсалда, республикаялъул кочIолал къецазда – кирго гьалда ратула гьунар бугел кочIохъаби ва гьезда гьалъ малъула чияраб ахIун гуреб, нилъерабго цIунизе, бокьизе ва гIадамазухъе кьезе.

КочIохъаналъ рикIкунеб буго творчествоялда гIорхъичIвай букIине кколарилан ва щивас жиндирго иш кидаго хIажалъулеб хIалалъ гьабизе кколилан.

– Дие балагьарасул рокьи ккола бищун кIудияб гъира базабулеб алат. ХIакъикъаталдаги, халкъ ккола гIадатал, араб, гьанжесеб ва букIинесеб цIунулеб маданияб кIул. Гьединлъидал, халкъияб кечIалде киданиги рокьиги ссунаро.

Жакъасеб гIумрудул чваххиялъ асар гьабичIого толаро дагъистанияздеги: хиса-басиязул хехлъиялъ захIмалъулеб буго щиб аслияб, щиб хадусеб иргаялда лъезе бегьулебали батIа бахъизе. Дица гIемер пикру гьабула гьелъул ва рикIкIуна цевесев чиясде, ватIаналде рокьи абадияблъун хутIизе ккола,

гьелъ къуркьичIого рукIинеги кумек гьабулилан.

Гьикъулеб буго хъизаналъул хIакъалъулъ. Марьям гьимана:

– Лъимал кIудиял гIурал руго. Вас – АхIмад хIалтIулев вуго полициялда, яс – Мадина ккола визажист. БетIергьанчи Неджеф вуго бакIал раялъул компаниялда. Руго лъималазул лъималги... Лъималазе дагьаб гурого заман кьечIого дихъа хутIиялдаса рекIекъльула. – Амма дун йохула, гьезул унго-унгоял гIадамал лъугьиналдаса! Гьезги ахIула рокъосезул сверулъ кечI, бичIчIула дир концерталъулаб гIумру. Дун рикIкIине бегьула талихIай гIаданлъун!

### *Эпилог гуреб...*

ГIагараб Дербенталда тира-сверулелъул, гьелда аскIоре рачIуна баркалабигун, цадахъаб сурат бахъизе гьаригун гIадамал. КъанагIатаблъун ва такрарлъи гьечIеблъун рикIкIуна Республикаялъул мустахIикъай артисткаялъул гьаракь гьелъул ракьцояз. Амма гьелъул гьунаралъе мукIурлъана жиндирго миллат гуребги, тIолабго гIемермиллатазулаб Дагъистанги!

Гьикъулеб буго Марьямида кинаблъун гьелда жиндирго букIинесеб бихьулебан. УргъичIого жаваб кьолеб буго гьелъ: – Сценаялда... Ва рагьулеб буго жиндирго гIемерал творческиял планазде гьитIинабго пардав.

Нилъеда якъинго лъазе ккола, гьелъул сольниял программабазул, цIиял кучIдузул, концерталъулаб хIаракатчилъиялъул гIумру жеги халатаб букIин...

***ГIайшат Тажудинова***




Нелли
Мусаева

# ГIумруги, рокьиги, кьурдиги…

***Щибаб талихIаб хъизан жиндирго къагIидаялъ талихIаблъун букIуна. Хасго гьеб щулияб, батIиял миллатал журараб, творческияб цолъи – ватIаналдаги анцI-анцI къватIисел улкабаздаги жидерго махщалидалъун нусазарго зрителазул ракIал хIайран гьарурал, машгьурал артистазул хъизан бугони.***

**Гьеб буго Мусаевазул хъизан.**

**Рос – МухIамадмурад АхIмадович Мусаев, Дагъистаналъул мустахIикъав артист, балетмейстер-постановщик, каскадер, хореограф, сценарист, режиссер. Гьес творческияб хIалтIул 50 соналъ нухмалъи гьабуна «Авадан» «Муртазекал» ва цогидал коллективазе. МухIамадмурад вуго «Дагъистаналъул рухI» премиялъул лауреат.**

Лъади Наилят – Нелли Эдуардовна Мусаева, Пачалихъияб Академическияб мустахIикъаб кьурдул ансамбль «Лезгинкаялъул» балетмейстер-постановщик, миллиял кьурдабазул школалъул мугIалим, Дагъистаналъул искусствабазул мустахIикъай хIаракатчIужу, «МугIрузул борхалъуда» абураб концерталъул программаялъухъ Россиялъул Пачалихъияб Премиялъул лауреат.

Мусаеваз гIемерал батIи-батIиял творческиял коллективазе лъуна кIинусгоялдасаги кьурди. Гьезда гьоркьоб, 40 соналъ Нелли Эдуардовна хIалтIилей йигеб «Лезгинкаялъеги». Гьеб гуребги, гьез кьурдаби лъуна Пачалихъияб операялъул ва балеталъул театралъе. Татарстаналда «Казань» ансамблялъе кIудияб кьурдабазул программаги гьезул хIалтIи буго.

Мурадги Наилятги данделъаралдаса 35 сон буго. Гьез гIумру кьуна миллиял кьурдабазе. Гьезул хъизан щулалъизабула цадахъаб хIалтIуца гуребги, рокьуца, гIакъиллъиялъ, цоцазде бугеб адабалъ ва цоцазе ритIухълъиялъ. Гьезул вуго кIиго вас, гьезул нухдасан инчIониги, кутакалда берцинго кьурдулел. Мусаеваз жидерго талихIаб хъизан гIуцIцIана гIедегIичIого, Таргъу мегIералда тIад бугеб жидерго рукъ гIадин, гамачIалда тIад гамачI лъун.

– Дие талихIаб хъизан буго сабру ва цоцазда ричIчIи, цоцазул адаб гьаби, кумек гьаби, рокьи, дандиясе гIоло рухI кьезе хIадурлъи, – йилан абуна Наилятица. Гьелъ гIадада гуро рухI кьеялъул бицараб. Нелли Колесниковалъ, Мурадие росасе унаго, гьесул фамилия боси ва цIар хиси гуребги, дингилъидал хисараб – гьей йикIанилан абизе бегьула республикаялда тIоцебе хIижабги чIварай какги балей артистка. ТалихIаб хъизаналда кинабго гIаммаб букIине кколилан божи буго Наилятил.

Щибаб жидерго хIалтIи, кьурди, постановка, кинабго рекIелъан биччала Мусаеваз.

– Дица сабуралда къабул гьабула творческиял чагIаздехун кидаго букIунеб ритIухълъи гьечIолъи, гьединго бергьенлъабиги. Мурадица рекIел хIал къватIибе загьир гьабула. Гьесул гIемераб жоялъе буго махщел. Гьев вуго лъи-



кІав кьурдухъан, балетмейстер, суратал рахъизе, цІулада накъищал гьаризеги буго махщел, чотІахъалъиялъул бицинего ккеларо, – ян сабурго бетІергьанчи веццулев вукІана лъадуца. Кинабго рахъалълъан мисалалъе ячине бегьулей чІужуялъ, жидер гІумру цІанбитІараб нух букІинчІилан абулеб буго. РукІунила дандеккунгутІиялги, амма хІалтІуда хурхун. Гьезул рокъоб хореография буго кидагосеб дандеккунгутІи, Станиславскияс абухъе кІиго масъала дандкьаби!

Наилятица бицухъе, Мурад художник вуго. Гьес наброскаби гьарула, фотограф хІисабалда, гьесда гІиси-бикъинабги бихьула. Гьелда хурхун букІуна гІемерисеб дандеккунгутІиги.

РукІуна цо-цо рос-лъади, гІадамал ругеб бакІалдагицин, цоцазухъ ралагьун гІорцІулларел. Гьел гьединал гьечІо. Наилятица бицана жалго данделъараб куц, Хасавюрталда гьаюрай ва гІурай гьай кин МахІачхъалаялде ккараялиги. Эбел йикІуна тІадегІанаб разрядалъул повар, эмен – аргъанчи. Артистлъун яхъине ракІалдаго букІунаро. «Дагъистаналъул гІолохъанлъи» ансамблялде гьудулалъ репетициялдеги ахІун, чІахІиял классазда лъугьуна Нелли кьурдизего. Гьелъ циндаго босула кьурдул суратги щибаб свериги. Гьелдасан кинабго байбихьула... Грозныялда лъугІула культпросвет училищеялъул хореографиялъул отделение. 1984 соналъ, кастингалдаса хадуб, йорхатай гьечІониги йосула «Лезгинка» ансамблялде. ХІалтІулаго лъугІизабула Орелалда букІараб ГИТИСалъул филиал. Гьеб лъугІигун тІамуна ассистентлъун,

хадуб балетмейстерлъун. Гьенив лъана некIого гIезегIан машгьурав постановщик МухIамадмурадги.

Рихьарабго кколеб рокьул хабарго букIинчIо. Гьезда гьоркьоб асаралъул хIенехI Италиялда гастролязда пирхана. Доб заманаялъ артистасул харж нусго гъурущалдаса тIаде бахунароан, гьединлъидал гьез пайда босулаан къватIисел улкабазде гастролдяздаса. Гьенире аралъухъ валютаялдалъун кьолаан харж. КъанагIатаб ретIел-хьит босун бичунги рес букIана цодагьабниги хайир щвезе.

Гьал данде гьаризе мурадалда ругел гьудулзабаз Неллида гьарула Мурадил «тIалаб» гьабейилан. Щванщинаб валюта, добаго гьудул-гьалмагълъи кваназабун гьекъезабун, Мурадица лъугIизабичIого букIине ва гьесие пайдаяб босизе тIадкъала гьелда. Гастролязде ун ругьунай Неллица Мурад вачуна базаралде. Гьелъул тIалаб агъаз батилаха (берцинлъиги чIурканлъиги артистазда гьоркьоб кигIан бокьаниги букIаралъул) машгьурав артистасе рекIее гIураб. Неллийилан абуни цIакъ йоххун йикIуна гьединав машгьурав чиясе бичун унеб къайи босизе кумек гьабизе жиндихъа бажариялдаса. Амма рокъоре щведал, жидецаго росарал италиялъул гурдал гастролязда рукIинчIел гьудулзабада тIад рихьула гьелда. Мурадица, расги барахщичIого, рикьула гьел киналго гьудулзабазе. Гьелдаса хадуб букIараб «кьаба-кIатIиялдаса» хадуб, гьел данделъула.

Цоги гьезул лъугьа-бахьин. ГIемерал артистазда ракIалда батила Мурадил цо вас рокъов гьавуравлъи. 90 сонал хехаб кумекалъул машинаби, врачал, дараби къанагIатаб заман букIана. Ноябралъул сардилъ бана кутакаб гIазу. Нухалги къан, я машинаби, я гIадамал къватIире рахъунеб хIал букIинчIо. Роддомалде батIаго кинха инел? Мадугьал акушеркаги рокъое ахIун, Мурадица кумек гьабуна васасе дунялалде вачIине. Гьесда бажарула кинабго!

Мурад гьавуна Лаваша районалъул ХахитIа росулъ. ГIуна МахIачхъалаялъул 5 поселокалда. Гьесда лъала жиндирго рахьдал авар мацI, дарги ва лъарагI мацIалги. Гьесул эбелалъ кечI ахIулаан Дагъистаналъул КIочIол ва кьурдул ансамблялда. Мурадги школа лъугIигун гьеб ансамблялде вачIана кьурдизе. 1980 соналъ лъугIизабуна культпросветучилище. 1989 соналъ Фрунзе шагьаралда стажировка букIана рагъулал трюкал кин гьарилел ва рахъилелали. Гьес 90 соналъ роль хIана «Хочбарил хIакъалъулъ», «Лъабго ханасул рагъ» фильмазда. Гьеб бахъулеб букIана ункъо пачалихъалда: Марокко, СССР, Испания, Италия. 2018 соналъ МухIамадмурадил нухмалъиялда гъоркь «Авадан» ансамблялъе СагIудиязул ГIарабиялда щвана Гран-При.

Жакъа Мурад вуго жамгIияв хIаракатчи, ДРОО «Муртазекалъул» хIурматияв председатель, «ГIададатал» телепроекталъул автор. Амма буго гьесул цоги хасаб рокьи – чуял! Гьес цIигьабуна чуял тIамиялъул гIадат, чотIахъаби-каскадеразул «Дагъистаналъул муртазекал» къокъа. Гьесул буго цо гIумруялъулго анищ Дагъистаналда чуязул театр гIуцIцIизе!

– Владикавказалда чуязул театр рагьана 1989 соналъго, гьеб суалгун тIадчагIазухъе дун ун вукIана 1985 соналъ. Перестройкаялъул заманилан, щибго ккечIо. Гьелдаса хадуб 40 сон индал, щвараб ресалдаса пайдаги босун, дун кIалъана С. А. Меликовасда, гьеб чуязул суалгун. Гьес дир рахъ куна. РакIалда буго гьеб театр, ралъдал рагIалда, Дербенталда рагьизе. Театралда рукIине руго чотIахъаби, акробатал, балеталъул артистал ва къого чу. РакIалда буго Северияб Кавказалда ва тIолабго Россиялдаго гастролялгун свери бахъизе. ТIолго дунялалдаго лъазе биччан те Дагъистаналда гьединаб къанагIатаб театр букIин, – илан абуна МухIамадмурад АхIмадовичас.

**Мусаевазул гIемерал планал руго. Лъезе руго цIиял постановкаби, рачине руго васазе руччаби, хьихьизе руго гьезулги лъимал... Аллагьас гьедин рукIине ва киналго анищал тIуразе хъван батаги!**

***Виолетта Ратенкова***

# Цидул тIом ретIарай...



Дагъистаналъул жиб-жиб росдал батила жиндиего хасаб тарихги къисматги. РакIалдаса унареб, гIажаибаб къисмат буго КIкIаратIа мухъалдаса Сивухъ росдал гIадамал къватIире гъеялъулги. Гьеб лъугьа- бахъин ккун буго XVII гIасруялда. (Сивухъ - сиялда аскIоб) Гьеб лъугьабахъиналъул батIи-батIияб къагIидаялъ бицуна. Гьелъул чанго вариант, 1940-абилел соназ бахъараб, «Кавказалъул халкъ. Дагъистаналъул гьитIинал халкъал» абураб тIехьалда кьун буго Кавказалъул тарих лъазабулев Е. Н. Шиллингица.

Жибго Сивухъин абуни, гьеб маргьаялда релълъараб гьеб лъугьа-бахъиналъул мухIканго бицуна. XX гIасруялда гьел гочинаруна Хасавюрт мухъалде.

Сахъал рукIун руго хIинкъи лъаларел, мадугьалихъ ругел росаби толарел, хъачагъал. Гьез, гIадамал талавур гьаризе, КIкIаратIаса Болъихъе униеб нух кколеб букIун буго. Гьезул рукIун руго гIемерал чуялги. Сивухъ росу банго букIун буго цогидал росаби цIунизелъун. Гьединлъидал батила гьезул рагъухъаби лъугьаралги. Ракь дагьаб букIиналъги кколеб букIун буго гьезул цогидал росабазулгун кьал.

Ахир-къадги мадугьалзабазда хIехьезе кIун гьечIо гьезул хъачагълъи. Сабру лъугIиналъе багьаналъун ккун буго, жиндирго хъизаналъул рецIел босизе вахъарав, ГIанчихъа гIолохъанчи чIвай.

КIкIаратIа, ГIанчихъ, Инхело росабазул гIадамал ургъун руго сахъадерида росу тезабизе. ЧIварав гIолохъанчиясул эбел, цидул тIомги тIад ххун, ячIун йиго росдал рагIалде. Гьелда кIун буго сахъал ци бачIун букIиналда божизаризе. Бихьинал циялда хадур рортидал, рачIун мадугьалзабаз сахъадерил росу бухIун буго.

Гьелдаса хадуб Сахъадерил цIикIкIараб бутIаялъ Гумбет мухъалда цIияб росу бан буго. Цогидаз Рачаболда абураб росдада аскIоб жидеего гьитIинаб кули гьабун буго. Лъабабилел Чачаналъе ун руго. Гьезул наслабазда кIочон гьечIо жидерго тухум-кьибил КIкIаратIаса букIин.

*Гульнара Асадулаева*



# Путь мудреца

***Представьте себе небольшой скромный домик в лесу, неподалёку от села Хтун. Ни компьютера, ни вай-фая, ни – упаси боже – телевизора с широченной диагональю. Даже современной мебели-то нет. И в этом доме уже много лет живет Ахмедов Ахмед Рамазанович, человек, который одним из первых (а может, и самый первый) стал обучать в Дагестане йоге, восточной медицине и воинским искусствам. За долгую практику он помог многим людям избавиться от различных заболеваний, при этом не отправляя их по аптекам покупать «мильон антибиотиков и еще две витаминки». И хоть сейчас Ахмед Ахмедов в преклонном возрасте, он по-прежнему готов помочь всякому, кто в этом нуждается.***

Восточными практиками Ахмед Рамазанович заинтересовался еще в студенческие годы, в Тбилиси. Он с энтузиазмом накидывался на любую литературу, посвященную восточным единоборствам, йоге и управлению внутренней энергией. Просто грызть гранит науки ему было неинтересно, поэтому он использовал полученные знания на практике, выясняя, что работает на «5+», а чем можно и пренебречь без особых потерь для общего результата – повышения качества жизни. Причем не абы каким образом, а через усиление силы духа, мысли и физи-



ческого здоровья. В итоге к тому моменту, когда Ахмед Ахмедов переехал в Дагестан, к концу 60-х, у него уже сформировалась концепция собственных тренировок. Со временем она видоизменялась и совершенствовалась, ведь, приступив к обучению своих учеников, Ахмед Рамазанович продолжил экспериментировать, решив объединить на тренировках боевые системы, йогу и медицину.

– Это все тесно связано, – объясняет Ахмед Рамазанович, – воин должен быть здоров. И на физическом уровне, и на духовном. Если его изводят какие-то болезни, он не сможет реализовать себя. Если его одолевают какие-то внутренние демоны – тоже. Он должен быть развит всесторонне. Давайте посмотрим на ситуацию и с другой стороны. Вы поддерживаете здоровье. К примеру, с помощью йоги и, скажем, тибетской медицины. Но вот незадача – однажды в темном переулке вы сталкиваетесь с парочкой хулиганов, которые могут ваше здоровье угробить. Как быть? Нужно уметь сражаться. Поэтому боевые системы тоже важны.

Из восточных единоборств Ахмед Рамазанович сделал выбор в пользу карате (стиль шотокан). При этом свою секцию он называл то самбо, то дзюдо, ведь карате в СССР был официально запрещено. Сенсей никогда не давил на своих учеников, гоняя их до седьмого пота, поскольку считал такой метод ошибочным: «Нельзя слишком форсировать события. Многие тренеры хотят, чтобы их воспитанники быстрее чему-то научились, стали физически мощнее, поэтому сильно их нагружают. Но это пагубно сказывается на здоровье человека. К физическим нагрузкам нужно подходить очень аккуратно. Иначе в будущем можно поплатиться. Совре-

менный спорт – это не про здоровье. Это про завоевание медалей. Каждому, конечно, свое. Человек хочет блистать на соревнованиях? Пожалуйста, его право. Но я всегда думал о здоровье своих учеников, а не об их победах на различных турнирах».

Еще одно незыблемое правило сенсея – никакой агрессии. Воинское искусство создавалось не для нападения, а для самообороны. Настоящий воин спокоен и справедлив, умеет держать себя в руках и вообще обладает философским складом ума. Стремление причинить кому-то вред – это не про воина, а про хулигана. Поэтому Ахмед Рамазанович всегда стремился развить в своих учениках еще и морально-нравственные качества.

– Конечно, я понимал, что ко мне на занятия будут приходить люди, которые захотят использовать полученные навыки в каких-то эгоистических целях, – вспоминает Ахмед Ахмедов, – но таких было легко распознать. После общения становилось понятно: этот человек может использовать силу не по назначению. Таких я тоже не спешил выгонять – обучал каким-то приемам, но легким, какими нельзя навредить. Почему сразу не прогонял? Надеялся как-то повлиять на него, показать ему правильный путь. Ведь дело учителя – не взять человека за руку и повести его к конкретной цели. Нет, конечно. Человек сам выбирает, как и куда ему идти. Учитель может лишь направить. Подсказать. Все остальное должен сделать сам ученик.

Сейчас Ахмед Рамазанович занимается в основном оздоровительной практикой. И между прочим, считает, что безнадежных случаев практически не бывает – как бы человек ни хворал, ему можно помочь. Другое дело – в каком возрасте человек решил взяться за здоровье. Ахмед Ахмедов не пичкает людей лекарствами. Узнав, в чем конкретно проблема, он предлагает особую индивидуальную систему упражнений, дает советы по питанию – и всё это не очень походит на типичные рекомендации врача.

– Человеку иногда сложно поверить, что он может избавиться от болезни и вернуть себе здоровье без всяких уколов, капельниц и разных медикаментов, – объясняет Ахмед Рамазанович, – он может удивиться, что очень важно следить за своим дыханием, что помочь могут определённые массажи и травяные настои. И чем больше человеку лет, тем сложнее его мозгу воспринять эту информацию. Были, конечно, те, кто скептически относился к моим предписаниям. Но я никогда и никого ни в чем не убеждал.

Почему люди сейчас так много болеют? Причин много. Посмотрите, как мы живем. Постоянно в стрессе. А ведь негативные эмоции сказываются на нашем здоровье. Скажем, гнев плохо отражается на печени. А еще гляньте, чем мы питаемся. Немногие знают, что питаться лучше всего фруктами и овощами, которые растут не дальше 500–700 километров от местности, где родился и вырос человек. Мы часто едим что-то, что привезли издалека. В магазинах полно чего-то экзотического, не растущего в наших широтах и при нашем климате. Организм не очень хорошо принимает такую пищу. А еще люди стали все сильнее отдаляться от природы. В городе какая природа? Чем вы можете помочь себе прямо сейчас? Возьмите за привычку хотя бы раз в неделю выбираться за город.

Сейчас Ахмеду Рамазановичу уже 85 лет. А люди, желающие чему-то у него научиться, подправить здоровье и вернуть молодость, по-прежнему приезжают к нему из разных уголков России. И он всегда готов их принять.

**За время своей практики Ахмед Ахмедов накопил множество знаний и сейчас стремится их систематизировать. Возможно, в будущем он даже сведёт все накопленные знания в одну рукопись и издаст ее. Случись такое – у этой книги непременно найдутся благодарные читатели.**

***Руслан Бакидов***

# С наступающим Новым годом!





Приближается 2025 год… Прошла уже четверть от нового века – было много разных событий, и радостных, и печальных. И сейчас в мире неспокойно. Но наши сердца живы надеждой… Надеждой на то, что под мирным небом вновь зацветут сады, будут рождаться дети, будут строиться дома… Надеждой на то, что вернутся все, кто вышел из родного дома… Надеждой на то, что жизнь подарит нам всем ещё много счастливых мгновений! Новый год - это возможность начать все заново, и пусть это новое приносит только мир, добро и счастье! С наступающим, дорогие друзья!

# Пальтары, человек «с больной ногой» и шуточное воровство

## Как проходят кубачинские свадьбы

Праздновать свадьбу один день? Да какой кубачинец на такое согласится? Нет уж! Земляки засмеют, или того хуже – осерчают. А потому кубачинская свадьба длится три дня и ни секундой меньше.

В первый же день молодожены с помощью родных и местного муллы совершают религиозный обряд бракосочетания *магьар*. После чего отправляются всей честной молодежной компанией отметить это событие танцами на природе в окрестностях села. Позже жених возвращает невесту домой. А уже ближе к вечеру отправляет туда своих родственников с подарками – калымом. Примечательный момент: число родственников и подарков обязательно должно быть чётным. В калыме, помимо традиционных украшений, идет комплект праздничной кубачинской одежды: парчовых платьев, платков и вышитых головных уборов-покрывал.

После того, как сторона невесты примет родственников жениха, вкусно накормит, рассмотрит калым и даст со-



гласие, официальная часть первого дня заканчивается. Когда родственники жениха собираются домой, им дают чашу, заполненную яичным курзе или белым пловом. Это символ достатка. Чаша эта передается непосредственно в руки жениху, что тоже символично. Таким образом, он принимает согласие со стороны невесты. Вслед за этим снова начинаются танцы, которые могут продлиться до поздней ночи.

Второй день – основной день свадьбы. Он проходит в доме жениха – во дворе либо на любой близлежащей ровной площадке села. Накрываются столы, и уж будьте уверены, пустовать они не будут (какой бы зверский аппетит ни был у гостей!) По старой доброй традиции столы заставят всевозможными угощениями: от курзе и плова до чуду с разными начинками. Одна из особенностей второго дня свадьбы – ряженые, пальтары. Как правило, это переодетые друзья жениха. Они надевают на себя потёртые белые рубашки, поверх них – кольчугу, а лица прячут под войлочными масками, разрисованными белыми полосами. Они не только танцуют вместе с остальными гостями, но и развлекают их: шутят, балуются и стараются навести «свадебную суету». В определенный момент жених должен загнать пальтаров домой, иначе они разгуляются, станут хулиганить и будут мешать свадьбе. И если вы думаете, что пальтары «сдадутся без боя», вы сильно ошибаетесь. Начинается шуточная борьба, в которой побеждает, конечно же, жених (и гости, бросившиеся ему помогать), но для достижения цели им придется попотеть. Впрочем, «проигравшие» пальтары сильно не горюют – по традиции их хорошо угощают, чтобы «задобрить».

Еще до прибытия невесты специальная делегация с её стороны приносит первую часть приданого: сундук с постельными принадлежностями. Вторая часть прибудет на следующий день. Ну, а вечером сторона жениха отправляется за невестой.

Невесту к этому времени одевают в традиционный наряд уже замужней кубачинки, принесенный стороной жениха за день до этого вместе с калымом. Когда



невесту выводят из дома, первым человеком, который встретится ей на пути, по традиции должен быть тот, кто сильнее всего желает ей счастья. Как правило, это её отец. Силу материнской любви никто не оспаривает, но тут вот какое дело – мама помогает дочке собираться. И следовательно, поджидать ее возле порога не может. Отец встречает дочь с кувшином с водой: чтобы жизнь его дочери в новом доме походила на чашу, наполненную счастьем, любовью и процветанием.

Невесту к дому жениха провожает целая процессия. А впереди нее обязательно идет женщина (родственница со стороны ее отца), которая несет в руках платок, – в него замотаны две бараньи кости и два хлеба. А перед ней мужчина с ковром в руках. Этот ковер расстелят в доме жениха.

Перед тем как невеста зайдет в свой новый дом, мужчина с ковром падает перед ней и мешает переступить порог. Он изображает боль в ноге. Чтобы «вылечить» ее, сторона жениха одаривает мужчину подарками.

Когда мужчина, которому «внезапно стало лучше», встает, невеста заходит в дом и ее усаживают в угол, по правую сторону комнаты. Мама жениха приветствует новых родственников и угощает



всех медом. Первая ложка, естественно, достается невесте. Раньше новобрачных оставляли дома, и никто их не беспокоил до следующего дня. Но сейчас друзья жениха и невесты частенько бегут к молодоженам, и невесте приходится сразу готовить хинкал.

В третий день новобрачных поздравляют. Основное действо происходит в доме жениха, где собираются родственники с обеих сторон. Молодоженов задаривают подарками и желают им счастья.

Чуть позже невеста снова надевает свадебный наряд, который дала в приданое ее мама, и исполняет свой первый танец в статусе жены.

После этого ее родители возвращаются к себе домой и ждут молодоженов и их близких в гости. Когда они прибывают, сторона жениха, как правило, исполняет шуточный обряд: что-нибудь крадут из дома родителей невесты. Это, к слову, может быть что угодно, хоть телевизор со стены, хоть ковер прямо из-под ног отца невесты. За «воришками» обычно кто-нибудь гонится, но украденное на место не возвращают, такая «добыча» уже принадлежит молодоженам.

Перед тем как молодожены отправятся домой, мать дарит своей дочери и зятю какие-нибудь предметы, которые в их роду передаются из поколения в поколение. Чаще всего это антикварная посуда.

На этом свадьба официально подходит к концу. А в Кубачи появляется еще одна счастливая семейная пара.

***Руслан Бакидов***







*М.-А. Джемал. Зима в Анди, 1932 г., картон, масло, 66 х 47,5 см, КП-425, Ж-339 (2)*

ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**